



Kòd Kondwit pou Lekòl Piblik Boston yo

Septanm 2021

*Apwouve nan Ane 1982*

*Revize epi Apwouve nan Ane 1992*

*Revize nan ane 1993, 1994, 1995, 2006, 2010, 2013, 2014 pou mete Kòd la annakò avèk:*

- M.G.L. Chapit 71, Lwa 1993
- M.G.L. Chapit 380, Lwa 1993
- M.G.L. Chapit 92, Lwa 2010
- M.G.L. Chapit 222, Lwa 2012
- P.L. 103-382 (Lwa 1994 sou Kont Zam)
- Lwa sou Edikasyon Moun Andikape (IDEA)

*Revize nan ane 1997, 1998, 1999, 2001, 2002, 2005, 2006, 2010, 2013, 2014, 2016, ak 2020 pou enkli revizyon ki egzije pa lwa ak regleman federal ak eta a, pou fè Kòd la Mache ak estrikti òganizasyonèl Lekòl Piblik Boston yo, epi pou enkli chanjman politik ki te apwouve pa Vil Boston nan.*

Dokiman sa a pa kapab repwodwi san pèmisyon Lekòl Piblik Boston yo.

## TABDÈMATYÈ

<i>Prefas</i>	3
<i>Deklarasyon Misyon Lekòl Piblik Boston yo</i>	4
<i>Opòtinite Edikatif Egal</i>	4
<i>Prensip Debaz</i>	4
<i>Dwa ak Responsablite ki Lye ak Kòd Kondwit la</i>	5
<b>Kòd Kondwit la</b>	
<b>Seksyon 1</b> Dwa pou Entèpretasyon ak Tradiksyon	11
<b>2</b> Konstwi Kominote Lekòl ki San Danje, ki Solidè epi ki Ekitab	11
<b>3</b> Aplikablite Kòd Entèvansyon Altènatif pou Elèv yo	14
<b>4</b> Entèvansyon Altènatif pou Elèv yo	15
<b>5</b> Ranvwa Tanporè de Klas la	18
<b>6</b> Atant pou Sispansyon	18
<b>7</b> Motif pou Sispansyon Akoutèm, Sispansyon Alontèm, Sispansyon Endefini oswa Ekspilsyon	20 15
<b>8</b> Ranvwa an Ijans	24
<b>9</b> Apèl pou Sispansyon Akoutèm ak Sispansyon Alontèm	25
<b>10</b> Apèl pou Sispansyon Endefini ak Ekspilsyon	25
<b>11</b> Eliminasyon ak Divilgasyon Dosye	25
<b>12</b> Elèv ki gen Andikap	25
<b>13</b> Piblikasyon ak Distribisyon	26
<b>14</b> Definisyon	26

## PREFAS

Lekòl Piblik Boston yo (“Distri” oswa “BPS”) vrèman kwè ke yon kominote lekòl ki san danje, ki mityèlman solid, epi ki reparatè ankouraje devlopman aprantisaj, devlopman anfans, ak devlopman jenès, epi sa redwi

bezwen pou ale nan eksklizyon nan lekòl. Fè fas ak kondwit elèv la genyen ladan travay pou konprann kontèks ak sistèm kote konpòtman an manifeste a. Kòd Kondwit sa a se youn nan efò kontini Boston pou devlope, sipòte, epi amelyore kominote lekòl nou an pou tout elèv yo.

Objektif BPS se pou ankouraje yon kilti ak kominote ki kont rasis, ki ankouraje lib echanj lide, ki maksimize devlopman pèsonèl, epi sa devlope otonomi elèv yo pandan y ap respekte dwa konstitisyonèl yo.

Boston ap pran mezi pou re-imagine apwòch li pou kreye espas ki ekitab, espas ki san danje ak espas kolaboratif pou rezoud konfli, pou aprann, ak pou devlope nan kominote lekòl nou yo. Pandan l ap chèche evolye pratik li yo epi anbrase divès metòd pou amelyore batiman kominotè, ki genyen ladan sèks jistis reparatè ak konstriksyon konpetans sosyal ak emosyonèl, BPS chèche idantifye koz debaz ki fè elèv yo fè fas ak diferan rezilta nan disiplin. BPS te eseye lit kont rasin sa yo pandan l ap ogmante fòmasyon manm pèsonèl la nan estrateji eliminasyon yo, epitou ankouraje apwòch ki sansib ak twomatis ki pi byen sipòte kapasite elèv la pou idantifye epi jere sityasyon ki deklanche yo.

Chak jou, BPS vize pou devlope konpetans aprantisaj sosyal emosyonèl tout elèv. Sa kòmanse avèk elaborasyon politik ak pwosedi ki fonde sou objektif sa yo. Atravè Kòd Kondwit sa a ak politik li yo, Lekòl Piblik Boston yo vize pou etabli atant ak nòm li yo pou konpòtman pou tout manm kominote yo. Pou soutni atant sa a, BPS pral chèche rezoud pètibasyon ak konfli selon mezi disiplin pwogresif epi avèk objektif pou fè elèv yo rete nan saldeklas la epi angaje nan aprantisaj yo. Nan objektif sa a, yo elabore Kòd Kondwit la kòm yon dokiman pwogresif ki mansyone entèvansyon ak sipò sipleman tè ki fè fas ak konpòtman elèv la, ki kòmanse avèk efò pou prevansyon, pou fè tranzisyon nan lòt sispansyon, epi ki fini avèk ranvwa kòm yon dènye rekou.

Lè yo detèmine ke odyans disiplinè nesèsè, BPS angaje nan asire ke chak elèv resevwa yon odyans ekitab selon règ, regleman, ak pwosedi ki etabli ki mansyone nan Kòd Kondwit sa a epi ki bay selon lalwa. Anplis BPS rekonèt ke elèv yo gen dwa legal fondamantal epi dwa sa yo kapab pa abreje, limite, oswa modifeye. Komite Boston School la ak Sipè-entandan an genyen entansyon pou fè pwosedi ki mansyone nan Kòd Kondwit la toujou respekte tout lwa, òdonans, regleman ak politik ki lye yo nan fason yo ekri a ak nan fason yo dwe egzekite a.<sup>1</sup>

Kòd sa a se sèlman dokiman ki pibliye sou demann Lekòl Piblik Boston yo ki modifeye règ ak regleman ki jere kondwit tout elèv yo nan Lekòl Piblik Boston yo. Edisyon Kòd sa a ranplase tout règ lekòl la ak tout ansyen edisyon Kòd Kondwit Lekòl Piblik Boston yo la.

### **Deklarasyon Misyon Lekòl Piblik Boston yo**

Kòm yon bèso edikasyon piblik nan nasyon nou an, Lekòl Piblik Boston yo angaje nan transfòme lavi tout elèv ak jèn yo atravè ansèyman egzanplè nan yon sistèm lekòl mondyal ki inovatè, ekitab, epi ki akeyan. Nou fè patenarya avèk kominote a, fanmi ak elèv yo pou devlope konesans, konpetans, ak karaktè lakay chak elèv pou eksele nan inivèsite, karyè, ak lavi.

### **Opòtinite Edikatif Egal**

Selon Konstitisyon Etazini an ak lwa ak regleman federal ak eta ki aplikab, yo

---

<sup>1</sup> Edisyon Kòd Kondwit sa a respekte manda St. 93, C. 71, yo konnen tou sou non Lwa 1993 sou Refòm Edikasyon nan Massachusetts, jan li amande pa St. 93, C. 380; P.L.103-382, §14601 (Amelyore Lwa 1994 sou Lekòl Etazini yo); 8 USC, §921 et seq. (Kòd Etazini); Lwa federal la sou Moun Andikape, Amanman 2004 (IDEA-04); ak Chapit 222 nan Lwa 2012 yo.

pa dwe sispann, mete deyò, oswa otreman sanksyone sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, gwoup etnik, relijyon, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, andikap, laj, jenetik, oswa sitiwayon militè aktif.

## **PRENSIP DEBAZ**

BPS rekonèt enpòtans pou mentni yon anviwònman lekòl ki san danje, ki an sante, ki ekitab, epi ki akeyan. Prensip sa yo se kwayans esansyèl ki pral gide manm pèsonèl Lekòl Piblik Boston yo yo ak patnè yo, elèv, ak fanmi yo nan travay pataje pou asire anviwònman lekòl ki san danje epi ki favorab:

1. Angajman pou chak elèv, san konsidere ras, gwoup etnik, sèks, andikap, oryantasyon seksyèl, relijyon, estati sitwayènte, estati sosyo-ekonomik, oswa kòd postal, yon opòtinite pou resevwa yon edikasyon ki enpòtan sou pwèn kiltirèl ak lengistik.
2. Angajman pou travay pou elimine mank ekilib nan Kòd Kondwit la ak aplikasyon l pandan y ap asire itilizasyon lòt mwayen pou metòd sanksyon yo, ki genyen ladan pratik reparatè, ak itilizasyon entèvansyon ki vize pou rezoud konfli, pou satisfè bezwen elèv yo, ak pou redwi bezwen pou ekspilasyon, nenpòt lè sa apwopriye.
3. Kòd Kondwit la fèt pou bay enstriksyon, men pa pou bay pinisyon. Yo dwe konsidere faktè tankou laj ak nivo akademik elèv la, devlopman sosyal, emosyonèl ak entelektyèl elèv la, menm jan ak tout dwa ak responsablite elèv la tout tan.
4. Angajman pou kapab yon distri lekòl ki kont rasis.
5. Angajman pou bay tout elèv yo opòtinite edikatif ki ekitab ak yon anviwònman aprantisaj ki san danje epi ki pa genyen asèlman, entimidasyon, diskriminasyon, epi ki pa genyen konpòtman ki fonde sou prejije, kote tout manm yo nan kominote a trete chak moun avèk respè epi apresye rich divèsite nan lekòl nou yo.
6. Angajman pou asire ke nou trete elèv yo nan fason ki jis, regilye, epi ki san diskriminasyon.
7. Angajman pou kreye yon anviwònman lekòl ki san danje, ki an sante, epi ki favorab pou bay sipò alavans pou fè fas ak domèn bezwen elèv yo.
8. Angajman pou afime ke elèv yo genyen tout dwa legal ki soti nan sous otorite legal ki soti anwo a, epi dwa sa yo pa kapab abwoje, limite, oswa modifye.

## **DWA AK RESPONSABLITE KI LYE AK KÒD KONDWIT BPS LA**

Ankouraje edikasyon de kalite ak lekòl ki san danje epi ki favorab pa depann sèlman de responsablite ak dwa elèv yo, men tou sa depann de kalite enteraksyon pami elèv yo, paran/gadyen legal/swanyan, pwofesè, administratè, ak manm pèsonèl BPS yo.

### **A. Dwa Elèv yo**

Li pa posib pou site sèlman tout dwa elèv yo, men sa yo fondamantal pou asire ke elèv yo genyen aksè nan yon kominote lekòl ki san danje, ki akeyan, epi ki jis. Lefètke lis sa a pa anglobe tout dwa ki akòde ak elèv yo,

sependan li pa kapab itilize pou refize yon dwa ke yon elèv genyen sèlman paske li pa mansyone isit la.

1. Selon lwa eta a ak lwa federal la, yo pa dwe mete okenn elèv deyò, oswa fè diskriminasyon kont yo, sou baz aktyèl ras yo oswa ras yo remake, koulè, gwoup etnik, orijin nasyonal, relijyon, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, andikap, laj, estati sosyo-ekonomik, sitiyaasyon militè aktif, oswa jenetik.
2. Elèv yo genyen dwa pou itilize twalèt, sal kazye yo, ak lòt etablisman ki lye ak idantite seksyèl yo, oswa pou itilize etablisman net yo si yon elèv vle.
3. Elèv yo genyen dwa pou yo apwoche yo pa non ak pwonon yo chwazi.
4. Elèv yo genyen dwa ak opòtinite edikatif ekitab ki pa genyen entimidasyon, asèlman, diskriminasyon, prejije, ak kondwi prejije.
5. Elèv yo genyen dwa pou patisipe nan sèten aktivite lekòl la (e.g., sòti edikatif, rekreyasyon ak kou ochwa yo). Si yon sòti edikatif oswa yon aktivite lekòl la se yon eksperyans aprantisaj ki obligatwa epi elèv yo pral resevwa nòt pou li, yo pa dwe anpeche elèv yo patisipe. Lekòl Piblik Boston yo fòtman kwè nan sipòte ak nan amelyore sante, menm jan ak devlopman sosyal ak devlopman emosyonèl elèv nou yo. Konsa, yo entèdi manm pèsònèl BPS la pou anpeche yon elèv patisipe nan aktivite fizik (ki genyen ladan aktivite rekreyatif) oswa sipò akademik andeyò pwogram lekòl la kòm yon konsekans disiplinè, oswa pou nenpòt lòt rezon ki diferan de maladi oswa sekirite oswa jan responsab lekòl la apwouve sa.
6. Elèv yo genyen dwa pou pa kite yo fouye oswa sezi zafè yo san okenn rezon, sof si genyen soupson ki rezonab. Fouy ak sezi yo dwe fèt selon politik ak pwosedi ki defini nan Sikilè Sipè-entandan an [Fouy Elèv la, # SAF-1](#), ak [Politik sou Kazye, #SAF-3](#).
7. Elèv yo genyen dwa nan sèten limit ak kreyasyon rapò eskolè lapolis yo pa Lekòl Piblik Boston yo ak Rapò Lapolis Boston ki lye ak kondwit elèv la, jan sa mansyone nan [Politik Konsènan Preparasyon ak Pataj Rapò sou Ensidan ak Lòt Enfòmasyon sou Elèv](#).
8. Elèv yo genyen dwa pou konsilte pwofesè yo, konseye, ak administratè, ak lòt manm pèsònèl konsènan demann ki rezonab.
9. Elèv yo genyen dwa pou chwazi kamarad yo nan gouvènman elèv la yon fason ki lib epi ki ekitab pa yon vòt sekre, ak dwa pou okipe yon pòs si yo genyen eleksyone an.
10. Elèv yo genyen dwa pou fè tande vwa yo nan dosye ki afekte yo.
11. Elèv yo genyen dwa pou patisipe nan devlopman règ ak regleman ki afekte yo ak dwa pou yo enfòme yo konsènan règ ak regleman sa yo.
12. Paran/gadyen legal/swanyan ak/oswa elèv yo genyen divès dwa selon lwa eta a ak federal la sou dosye elèv yo, ki genyen ladan dwa pou konsilte tout dosye elèv yo ak pou kontwole kilès andeyò lekòl la ki kapab wè yo. ( gade Sikilè Sipè-entandan an, [# LGL-07](#)).
13. Elèv ki andikape yo kapab genyen lòt dwa ak pwoteksyon anplis selon lwa federal ak eta a sou edikasyon espesyal jan pou sa ki konsène aplikasyon Kòd Kondwit la.

*Elèv yo nan lekòl la kapab egzèse dwa yo nan libète ekspresyon, reyiniyon, laprès, ak asosiyasyon, ke yo alafwa akòde yo epi ki limite pa lwa eta a ak lwa federal la. Yo entèdi elèv yo ekspriye yo yon fason ki endesan, selon aktyèl nòm legal yo, ki kapab ensite yo komèt aksyon ki ilegal, oswa ki otreman kapab lakoz yon gwo pètibasyon, oswa materyèlman entèfere avèk fonksyonman lekòl la. Lè pa genyen yon gwo pètibasyon nan anviwònman lekòl la epi selon lwa ki aplikab la, elèv yo genyen dwa pou :*

1. Mete bouton politik, brasa, ak lòt badj ekspresyon senbolik yo.

2. Distribye materyèl ki enprime epi fè sikile petisyon sou pwopriyete lekòl la, ki genyen ladan anndan batiman yo, san otorizasyon preyalab administratè lekòl la, eksepte:
  - a. materyèl ki distribye ak petisyon ki sikile sou pwopriyete lekòl la dwe afiche non ak adrès moun nan oswa òganizasyon k ap esponsòrizè l la (ki genyen ladan non ak adrès omwen yon manm nan gwoup la) k ap distribye oswa k ap fè sikile materyèl la oswa petisyon an; epi
  - b. moun k ap fè distribisyon oswa k ap sikile materyèl oswa petisyon an dwe (yon) elèv nan lekòl ki enplike a; epi
  - c. tan distribisyon oswa sikilasyon sa a dwe limite ak peryòd anvan lekòl la kòmanse a, aprè lekòl lage, ak pandan tan dejne pou evite entèferans ak pwogram lekòl la; epi
  - d. lye distribisyon oswa sikilasyon sa a nan chak lekòl dwe entèdi yon fason ki rezonab yon fason pou pèmèt sikilasyon nòmal nan lekòl la ak nan pòt deyò lekòl la; epi
  - e. fason distribisyon oswa sikilasyon sa a fèt dwe limite yon fason rezonab yon fason pou evite twòp bwi ak pètibasyon; epi
  - f. elèv yo dwe soumèt yo ak egzijans ki rezonab pou retire dechè ki fèt pandan distribisyon oswa sikilasyon sa a.
3. Itilize pwòp tablo enfòmasyon yo san entèdiksyon, depi:
  - a. tout materyèl, avi, ak lòt kominikasyon ke elèv la afiche dwe genyen non ak adrès imèl moun ki mete afich la. Si afich la lye ak yon tyès pati, li dwe genyen ladan non ak adrès imèl elèv la ak adrès imèl omwen yon manm nan òganizasyon tyès pati a; epi
  - b. tout materyèl, avi, ak lòt kominikasyon yo dwe genyen dat anvan yo afiche yo epi yo dwe retire yo aprè yon tan ki rezonab pou asire tout aksè nan tablo afichaj la(yo).
4. Itilizasyon ki rezonab de sistèm sonorizasyon ak lòt enstalasyon medya lekòl la, sof ke anons yo dwe limite ak anvan lekòl, aprè lekòl lage, ak lòt moman ki pa genyen klas.
5. Fòm òganizasyon politik ak òganizasyon sosyal ak pou fè aktivite ki lye ak òganizasyon yo fòm yo, avèk kondisyon ke enskripsyon nan gwoup sa a dwe louvri pou tout elèv epi dwe respekte politik ak pwosedi BPS yo.
6. Prezante petisyon, plent, oswa doleyans bay otorite sosyal ki apwopriye yo konsènan pwoblèm disiplinè ak lòt pwoblèm ki asosye ak lekòl la, eksepte kote Kòd sa a bay dwa fòmèl pou fè apèl.
7. Vi prive, ki genyen ladan dwa pou detèmine pwòp aparans yo epi chwazi pwòp estil cheve ak rad yo, tonbe anba règ ki rezonab.

## **A. RESPONSABILITE ELÈV YO**

Responsablite yo pa ranplase règ ki enkli nan Kòd Kondwit la. Sepandan, elèv yo genyen responsablite pou:

- Respekte dwa lòt yo.
- Respekte divèsite manm pèsònèl ak elèv yo.
- Kontribye nan yon anviwònman edikatif ki favorab.
- Aplike kapasite ak enterè yo nan amelyorasyon edikasyon yo epi defann chanjman ki pozitif.
- Egzèse yon otonomi ki plis elve, selon tout kapasite yo, pandan y ap swiv Kòd Kondwit la pandan y ap fè y ap patisipe yon fason siyifikatif epi pozitif pou konstwi kominote lekòl la.

## DEKLARASYON LEKÒL PIBLIK BOSTON YO KONT ENTIMIDASYON POU ELÈV YO

Lekòl Piblik Boston yo p ap tolere entimidasyon, sibè-entimidasyon, nan nenpòt fòm ak tip, sou lòt moun, keseswa sou entènèt oswa an pèsòn. Lekòl Piblik Boston yo pral ankete byen vit sou tout rapò ak plent entimidasyon, epi aji yon fason ki rapid epi efikas pou mete fen ak konpòtman sa a epi anpeche li rive ankò. Lekòl Piblik Boston yo chèche prevni entimidasyon atravè itilizasyon atelye sou prevansyon ki konstwi konpetans sosyal ak konpetans emosyonèl elèv yo epi konprann diferans yo. Elèv ki genyen enkyetid oswa ki vle deklare entimidasyon kapab pale yon fason konfidansyèl avèk yon manm pèsonèl yo fè konfyans oswa yo kapab rele *Liy Asistans pou Sekirite ak Prevansyon Entimidasyon* 617-592-2378. Yo ka jwenn lòt resous [anplis isit la](#).

### RESPONSABLITE ADMINISTRATÈ A

Direktè Lekòl ak Chèf Etablisman yo genyen responsablite pou asire ke yo satisfè bezwen edikatif tout elèv epi yo trete tout manm nan kominote lekòl la yon fason ki jis epi ekitab. Responsab lekòl yo dwe bay tout manm yo nan kominote lekòl yo a yon anviwònman aprantisaj ki san danje epi ki pa genyen asèlman, entimidasyon, diskriminasyon, ak kondwi ki san prejije epi kote tout manm yo nan kominote a envesti tèt yo nan kreye yon anviwònman dinamik epi ki divèsifye pou reyisit akademik. (Gade Sikilè Sipè-entandan an, [SSS #18](#))

Administratè yo genyen responsablite pou:

1. Kreye anviwònman lekòl ki favorab epi ankouraje sèvis kolektif pou amelyore rezilta edikatif pou tout elèv yo.
2. Pwoteje sante mantal ak byennèt fizik tout elèv ak manm pèsonèl.
3. Pwoteje dwa legal manm pèsonèl la, elèv yo, ak paran/gadyen legal/swanyan.
4. Sipòte manm pèsonèl lekòl la nan akonplisman responsablite disiplinè yo jan sa defini nan Kòd Kondwit la ak règ endividyèl lekòl la, pandan y ap bay fòmasyon sou Kòd la pou administratè yo, pwofesè yo, ak lòt manm pèsonèl lekòl la.
5. Bay yon pwogram etid ki laj epi ki divèsifye ki respekte egzijans Sikilè Massachusetts yo epi ki reponn ak bezwen endividyèl yo.
6. Devlope epi reyalize politik disiplinè ki prevantif epi ki pozitif nan kowoperasyon avèk elèv yo, paran/gadyen legal/swanyan, ak pwofesè yo epi pandan y ap respekte politik Komite Lekòl la ak Kòd Kondwit la.
7. Kontakte epi enplike paran yo/gadyen legal/swanyan yo pou fè fas ak kesyon disiplinè yo.
8. Enfòmè kominote a, elèv yo, paran/gadyen legal/swanyan, ak manm pèsonèl lekòl la konsènan politik ki lye ak kondwit elèv la.
9. Kolekte enfòmasyon ki apwopriye sou kondwit elèv la ak entèvansyon, asire bon jan Konsèvasyon Enfòmasyon yon fason pou enfòmasyon sa yo kapab disponib pou paran/gadyen legal/swanyan sou demann oswa jan lalwa mande sa.
10. Si Administratè Lekòl la detèmine aktivite elèv la kapab kalifye kòm yon vyolasyon Kod Konduit, Administratè Lekòl la dwe dokimante aktivite sa nan Sistèm Enfòmasyon Elèv nan BPS la (BPS Student Information System, SIS). Yo kapab jwenn responsablite anlès nan kesyon rapò, odela dokimantasyon ki nan SIS la nan [Politik Konsènan Preprasyon ak Pataj Rapò sou Ensidan ak Lòt Enfòmasyon sou Elèv la](#).
11. Bay manm pèsonèl ki kalifye pou reponn ak bezwen elèv yo epi pou akonpli bi ak objektif lekòl la.

12. Kolabore avèk ajans kominotè ak ajans gouvènman an sou pwogram ki ankouraje anviwònman aprantisaj ki san danje, ki an sante epi ki favorab.
13. Administratè Batiman an oswa reprezantan an pral revize done sou kondwit yo detanzantan avèk ekip yo nan lekòl la an fonksyon de popilasyon elèv ki seleksyone yo (*tankou*, ras ak gwoup etnik, sèks, sitiyasyon sosyo-ekonomik, ak sitiyasyon antanke yon elèv ki genyen yon andikap). Pandan revizyon done yo, Direktè Lekòl/Chèf Etablisman an dwe kontwole tout mank ekilib nan reyalyasyon ranvwa lekòl an ijans, sispanasyon, ak ekspilyasyon ak enpak aksyon disiplinè sa a sou popilasyon elèv ki seleksyone yo. Anplis Direktè Lekòl/Chèf Etablisman an dwe detèmine si li nesèsè oswa apwopriye pou modifiye pratik disiplinè yo. Direktè Lekòl/Chèf Etablisman an dwe deklare done yo ak rezilta revizyon done yo bay sit lekòl la oswa konsèy k ap dirije a.

## **RESPONSABLITE PWOFESE YO**

Pwofesè ak lòt manm pèsònèl lekòl la endispensab pou reyisit lekòl la. Konsa, pou sa ki konsène Kòd Kondwit la, Pwofesè yo genyen responsablite pou:

1. Mentni yon atmosfè aprantisaj ki san danje epi ki favorab.
2. Travay sou kalite konpetans, kreyativite, oto-jesyon, epi ankouraje otonomi elèv yo.
3. Respekte chak elèv antanke moun epi mentni etik pwofesyonèl nan relasyon avèk pwofesè ak administratè yo, ak manm pèsònèl lekòl la pou soutni elèv yo.
4. Demontre konpreyansyon ak enkyetid pou chak elèv ak bezwen li yo, ki genyen ladan refere elèv yo pou evalyasyon edikasyon espesyal selon egzijans lwa eta a ak federal la sou edikasyon espesyal.
5. Enspire elèv yo pou genyen yon dezi pou devlopman pèsònèl.
6. Rete enfòmè konsènan dènve fòmasyon devlopman pwofesyonèl sou pratik kiltirèl ak lengistik ki dirab, estrateji eliminasyon, aprantisaj pou transfòmasyon ak aprantisaj emosyonèl, disiplin pwogresif, ak altènatif pou eksklizyon
7. Respekte politik yo, règ, ak regleman Komite Lekòl la ak Kòd Kondwit la, ki genyen ladan itilizasyon pratik disiplinè prevantif ak pozitif an patenarya avèk elèv yo, paran/gadyen legal/swanyan, ak administratè yo.
8. Anrejistre done sou kondwit elèv la jan administrasyon an mande sa epi itilize Sistèm Enfòmasyon Elèv ke Distri a apwouve.
9. Sipèvizite elèv yo genyen responsablite pou siveye yo.

## **DWA AK RESPONSABLITE PARAN, GADYEN LEGAL, AK SWANYAN**

### **A. DWA PARAN, GADYEN LEGAL, AK SWANYAN**

Paran, gadyen legal, ak swanyan yo se patnè esansyèl nan reyisit lekòl la. Konsa, paran, gadyen legal, ak swanyan yo genyen **dwa** pou yo enkli yo nan tout aspè nan edikasyon elèv yo a. Sa yo genyen ladan yo:

1. Dwa ak yon edikasyon lekòl piblik ki gratis pou elèv yo nan yon anviwònman ki san danje epi ki favorab.
2. Dwa pou jwenn aksè sou enfòmasyon konsènan dosye elèv yo, ki genyen ladan dosye disiplinè, jan lalwa otorize sa.
3. Dwa pou patisipe yon fason ki siyifikatif nan edikasyon elèv yo, sa ki genyen ladan mande ak resevwa kominikasyon lekòl la ki tradwi epi/oswa entèprete nan lang yo prefere lakay la.
4. Dwa pou depoze plent ak/oswa apèl konsènan pwoblèm k ap afekte edikasyon elèv yo, kote sa



- aplikab.
5. Dwa pou patisipe nan pwosesis priz desizyon ki afekte politik ak pwosedi lekòl la (*tankou*, konsèy lekòl la/komisyon administrasyon lekòl la, konsèy paran, tabwonn sou ekite nan lekòl la).
  6. Dwa pou mande sèten limit nan kreyasyon rapò polis lekòl la pa Boston Public School ak Rapò Lapolis Boston ki lye ak kondwit elèv la, jan sa mansyone nan politik la.

## **B. RESPONSABILITE PARAN, GADYEN LEGAL, AK SWANYAN**

Paran, gadyen legal, ak swanyan yo genyen **responsablite** pou:

1. Sipòte epi ankouraje konpòtman pozitif elèv yo nan aktivite lekòl la, nan aktivite ki esponsorize pa lekòl la, lè yo sou wout pou vini lekòl la ak pou soti lekòl la.
2. Ede elèv yo pou ale lekòl epi egzèse otonomi ki apwopriye.
3. Afime atitud pozitif elèv yo sou yomenm, sou lòt moun, nan lekòl la, ak nan kominote a.
4. Kominike avèk manm pèsonèl lekòl la konsènan elèv yo.
5. Rekonèt ke manm pèsonèl lekòl la genyen dwa pou aplike politik, règ, ak regleman Komite Boston School la.
6. Angaje nan yon fason ki pozitif, yon fason ki pa deranje lè y ap vizite lekòl la (yo).
7. Ensiste sou lefètke elèv yo a dwe pote sèlman bagay ki apwopriye nan yon anviwònman lekòl.

## **C. RESPONSABILITE KOMINOTE A AK AJANS K AP SIPÒTE LEKÒL LA**

Kominote a genyen responsablite pou:

1. Ede nan elaborasyon objektif ki idantifye yo.
2. Dwe rete enfòmè konsènan objektif lekòl la, Plan Estratejik BPS la, ak politik yo.
3. Sipòte yon sistèm lekòl ki efikas, ki san danje, epi ki akeyan.

Ajans k ap travay sou demann Lekòl Piblik Boston yo yo dwe bay elèv yo sipò epi/oswa fanmi yo dwe genyen responsablite pou, avèk konsantman eklere paran yo/gadyen legal/swanyan:

1. Reponn ak bezwen elèv sa a (yo) nan edikasyon ak nan bezwen ki lye yo.
2. Kolabore avèk lekòl la pou bay sèvis ki efikas, sèvis ki san danje, ak sèvis ki favorab yo.
3. Deklare tout konpòtman enkyetid bay manm pèsonèl BPS ki konsène a touswit, sa ki genyen ladan pwofesè elèv la, manm pèsonèl saldeklas la, ak/oswa responsab lekòl la.

## **D. RESPONSABILITE KOMINOTE A AK AJANS K AP SIPÒTE LEKÒL LA**

Kominote a genyen responsablite pou:

1. Ede nan elaborasyon objektif ki idantifye yo.
2. Dwe rete enfòmè konsènan objektif lekòl la, Plan Estratejik BPS la, ak politik BPS yo.
3. Sipòte yon sistèm lekòl ki efikas, ki san danje epi ki akeyan.

Ajans k ap travay sou demann Lekòl Piblik Boston yo, yo dwe bay elèv yo sipò epi/oswa fanmi yo dwe genyen

responsablite pou, avèk konsantman eklere paran yo/gadyen legal/swanyan:

1. Reponn ak bezwen elèv sa a (yo) nan edikasyon ak nan bezwen ki lye yo.
2. Kolabore avèk lekòl la pou bay sèvis ki efikas, sèvis ki san danje, ak sèvis ki favorab yo.
3. Deklare tout konpòtman enkyetid bay manm pèsònèl BPS ki konsène a touswit, sa ki genyen ladan pwofesè elèv la, manm pèsònèl saldeklas la, ak/oswa responsab lekòl la.

Kominote a genyen responsablite pou:

1. Ede nan elaborasyon objektif ki idantifye yo.
2. Dwe rete enfòm konsènan objektif lekòl la, Plan Estratejik BPS la, ak politik BPS yo.
3. Sipòte yon sistèm lekòl ki efikas, ki san danje epi ki akeyan.

Ajans ki resevwa responsablite nan men Lekòl Piblik Boston yo yo dwe bay elèv yo sipò epi fanmi yo dwe genyen responsablite pou, avèk konsantman eklere paran yo/gadyen legal/swanyan:

1. Reponn ak bezwen kliyan yo ki entèfere ak pwosesis aprantisaj la.
2. Kolabore avèk lekòl yo pou bay sèvis ki efikas, sèvis ki san danje, ak sèvis sipò ki favorab.

## **Kòd Kondwit la**

### **Seksyon 1**

#### **DWA POU TRADIKSYON AK ENTÈPRETASYON**

- 1.1 Tout materyèl ekri ak materyèl vèbal ki egzije pa Kòd sa a dwe an Anglè *epi* dwe nan premye lang ki pale nan fanmi an, oswa lòt mwayen komunikasyon (ki genyen ladan tèks oswa imèl) ki itilize pa paran/gadyen legal/swanyan yo. Mwayen komunikasyon sa yo kapab genyen ladan teknoloji asistans, Lang Siy Ameriken, oswa lòt aranjman.
- 1.2. Tout avi yo dwe fèt nan mo ki senp epi nan mo tout moun konprann nan mezi sa posib.
- 1.3. Elèv yo pa dwe entèprete pou paran/gadyen legal/swanyan oswa manm pèsònèl BPS la.
- 1.4. Elèv ak paran/gadyen legal/swanyan yo genyen dwa ak yon entèprèt nan premye lang yo nan tout odyans ak konferans ki fèt selon Kòd sa a.
- 1.5. Rankont yo dwe fèt, epi yo dwe founi dokiman ki tradwi bay swanyan ak elèv ki pale yon lang ki diferan de Anglè nan menm moman rankont yo ap òganize a oswa dwe bay fanmi yo ki pale Anglè.

### **Seksyon 2: KONSTWI KOMINOTE LEKÒL KI SAN DANJE, KI FAVORAB, EPI KI EKITAB**

Kominote lekòl la genyen ladan elèv, pwofesè, administratè, konseye, travayè sosyal, manm pèsònèl lekòl la, fanmi yo, ak manm ki ozalantou katye a. Nan objektif pou kreye yon anviwònman ki san danje, ki ekitab, epi

ki favorab nan anviwònman lekòl la, lekòl yo dwe bay sipò yo nan twa nivo swen ak ansèyman. Twa nivo sa yo se:

Pwomosyon. Lekòl yo ankouraje byennèt emosyonèl *toutelè*v yo atravè apwòch nan tout lekòl la pou sipòte sante konpòtmantal ki pozitif.

Prevansyon. Lekòl yo bay sipò alavans, sipò ki adapte ak sipò kolaboratif pou minime ogmantasyon sentòm sante konpòtmantal ki idantifye yo.


Entèvansyon. Lekòl yo bay epi patisipe nan swen ki kowòdone pou ti kantite elèv ki demontre gwo bezwen.

Twa nivo sa yo ta trete tankou silo; aktivite pou fè fas ak chak nivo yo dwe fèt nan tout lekòl la, sa ki genyen ladan saldeklas, nan ti gwoup, epi avèk elèv endividyèl ak fanmi. Sèvis yo kapab fèt nan lekòl la oswa nan kominote a, dwe ofri nan saldeklas la oswa andeyò saldeklas la, epi ta dwe entegre pratik ki dirab sou pwèn kiltirèl ak lengistik.

Genyen divès apwòch pou ankouraje lekòl ki san danje ak lekòl ki favorab. Tout sipò ki adopte yo ta dwe konstwi sou pwèn fò elèv yo, ta dwe ankouraje reyisit nan lekòl, ta dwe maksimize tan yo pase nan saldeklas la, epi ta dwe redwi sispansyon, ekspilsyon, ak lòt ranvwa disiplinè yo. Lekòl yo kapab chwazi adopte apwòch ki pozitif ak apwòch prevantif ki pwouve nan tout lekòl la ki pi byen koresponn ak bezwen inik kominote lekòl la ansanm ak itilizasyon Sistèm Sipò a Plizyè Nivo a (Multi-Tiered System of Support, MTSS).

Kòm objektif Distri a genyen pou konsantre sou rezilta ki ekitab pou tout elèv yo, nou itilize MTSS, ki se yon estrikti ki pwouve epi ki baze sou prèv ki asire byennèt jeneral elèv la, ki genyen ladan bezwen sante konpòtmantal/akademik/ak sosyo-emosyonèl yo. MTSS itilize rezolisyon pwoblèm ki baze sou done/founi ansèyman ak entèvansyon bay elèv ki genyen divès entansite, ki kategorize nan twa nivo, selon bezwen elèv la. Nan chak nivo sipò, ekip lekòl la itilize pwosesis priz desizyon ki baze sou done pou pran desizyon kolaboratif konsènan sipò ki adapte ak sipò entansif debaz pou elèv yo. Priz desizyon ki baze sou bezwen yo chèche asire ke elèv yo jwenn sipò yo bezwen ak lè yo bezwen l lan, pou tout elèv yo ka reyisi lekòl.

*Dyagram ki anba a se yon reprezantasyon vizyèl sou fason nivo MTSS yo jere byennèt elèv yo (sosyo-emosyonèl, konpòtmantal, ak fizik) ak bezwen akademik nan anviwònman aprantisaj la, pou sipòte elèv yo yon fason kolektif epi endividyèl.*



<i>Kisa chak Nivo vle di?</i>	<i>Nivo 1 (Inivèsèl)</i>	<i>Nivo 2 (Sipò ki Adapte)</i>	<i>Nivo 3 (Sipò Entansif)</i>
<i>Kilès yo sèvi?</i>	TOUT ELÈV YO	TI GWROUP ELÈV	ENDIVIDYÈL oswa TI GWROUP ELÈV  <b><i>Tanpri sonje: sa pa vle di yon ranvwa pou edikasyon espesyal nesèsè</i></b>
<i>Ak kisa li sanble?</i>	<i>Inivèsèl, sipò ak ansèyman dirab sou pwèn kiltirèl ak lengistik.</i>  Li genyen ladan pwogram debaz ki respekte estrikti kontni an, ansanm avèk sipò sipleman tè ki vize pou diferansye ansèyman pou tout elèv nan saldeklas la.  Ranfòse relasyon ki kreye saldeklas ki san danje ak saldeklas ki akeyan kote tout elèv yo ka reyisi epi epanouyi.	<i>Anplis sipò ak ansèyman dirab sou plan inivèsèl, enklizif, kiltirèl la nan Nivo 1 an, kèk elèv pral mande plis sipò pou pratike epi devlope konpetans yo.</i>  Yo founi entèvansyon entansif, pwogram, ak sèvis sa yo pandan yon peryòd tan limite bay elèv endividyèl oswa ti gwoup elèv yo, swa nan saldeklas la oswa andeyò saldeklas la.	<i>Anplis ansèyman ak sipò dirab sou plan inivèsèl, enklizif, kiltirèl nan Nivo 1 ak Nivo 2 a, Nivo 3 a bay sipò entansif, sipò ki adapte, ak sipò ki santre sou solisyon pou elèv endividyèl yo.</i>

<sup>2</sup> Nòt (Adapte) apati, *Konsènan Sèvis Sipò pou Elèv: Sistèm Sipò a Plizyè Nivo (MTSS), AMERICAN ACADEMY (2017)*

<p><i>Pou ki objektif?</i></p>	<p>Pou ankouraje reyisit epi asire ke tout elèv yo reyisi objektif akademik yo, devlopman sosyal, emosyonèl ak devlopman fizik, ki sipòte rezilta akademik yo, rezilta konpòtmantal, ak rezilta sou sante.</p>	<p>Pou entèvni epi reponn ak bezwen ki plis enpòtan yo lè sa nesèsè.</p> <p>Pou founi ansèyman ki adapte, ansèyman ki santre sou solisyon pou jere domèn bezwen ki idantifye yo anvan yo fè enpak sou pwogrè elèv la.</p> <p>Pou amelyore pèfòmans elèv la nan nivo metriz yo prevwa yo.</p>	<p>Pou deplwaye ansèyman entansif ak sipò pou aprantisaj pandan peryòd ki pi long pou sipòte elèv ki genyen gwo bezwen ki anpeche yo atenn objektif yo nan aprantisaj yo.</p> <p>Pou amelyore rezilta elèv yo ak angajman nen lekòl pandan y ap idantifye epi devlope konpetans sosyal ak konpetans emosyonèl elèv yo.</p>
<p><i>Egzanp</i></p>	<p>Ranfòsman konpetans sosyal ak konpetans emosyonèl, pratik reparatè, ak fòmasyon ki lye ak prevansyon kont entimidasyon ak/oswa sibè-entimidasyon, edikasyon nan sante, entèvansyon pou rezoud konfli, Plan Entèvansyon pou Prezans, fòmasyon ki lye ak pwogram</p> <p>pou relasyon ki solid, edikasyon nan sante, entèvansyon pou rezoud konfli, Plan Entèvansyon pou Prezans, fòmasyon ki lye ak pwogram</p>	<p>Pratik reparatè ak pratik ki baze sou twomatis, eliminasyon vèbal (Swen pou Sekirite), mentora, Plan Entèvansyon pou Prezans, Entèvansyon Konpòtmantal Konitif pou Twomatis nan Lekòl (CBITS), ranfòsman konpetans sosyal ak emosyonèl, atelye volontè pou Succeed Boston, gwoup diskisyon pandan moman dejne</p> <p>Plan Entèvansyon pou Prezans, Entèvansyon Konpòtmantal Konitif pou Twomatis nan Lekòl (CBITS), ranfòsman konpetans sosyal ak emosyonèl, atelye volontè pou Succeed Boston, gwoup diskisyon pandan moman dejne</p>	<p>Counseling, sipò pou kriz, ranvwa kominotè, pratik reparatè ak pratik ki baze sou twomatis, ranvwa volontè nan <a href="#">Succeed Boston</a>, plan sipò akademik endividyèl, rezolisyon konfli, Evalyasyon Konpòtmantal Fonksyonèl, Plan Entèvansyon Konpòtmantal, Pwogram Fire Sense</p>

### Seksyon 3:

### APLIKABLITE KÒD LA

- Kòd la jere kondwit elèv yo nan tout anviwònman ki lye ak lekòl la. Pou objektif Kòd la, "ki lye ak lekòl la" fè referans ak yon vyolasyon Kòd la, tout sa ki rive:
  - Pandan elèv la nan espas lekòl la;
  - Pandan aprantisaj adistans ak/oswa aprantisaj sou entènèt;

- Pandan yon aktivite ak/oswa yon pwogram lekòl la esponsorize;
- Pandan li nan transpò lekòl la bay pou ale lekòl la oswa pou soti lekòl la oswa yon aktivite lekòl la esponsorize;
- Pandan l ap mache pou ale oswa pou soti lekòl la, pandan l ap tann transpò lekòl la bay,oswa pandan l ap tann oswa pandan l ap monte transpò piblik pou ale oswa pou soti lekòl la;
- Pandan l ap mache ant batiman yo pou lekòl ki genyen plizyè batiman ak/oswa kanpis ki louvri;
- Selon nòm legal aktyèl yo, sèten itilizasyon entènèt ak/oswa itilizasyon rezo sosyal andeyò lekòl la ki te lakoz, oswa ki kapab lakoz, yon gwo pètibasyon oswa entèferans materyèl avèk aktivite lekòl yo ak/oswa avèk pati ki lye ak lekòl la (tankou, elèv, manm pèsònèl, administratè yo.);
- Epitou yon enfraksyon disiplinè ki lye ak lekòl la kapab genyen ladan sikonstans kote genyen prèv gen yon move konpòtman grav ki te rive andeyòlekòl la—pa egzanp, yon elèv yo akize oswa yo kondane paske li komèt yon krim oswa plent pou delenkans kriminèl--ki genyen yon gwo efè destriksyon sou byennèt jeneral lekòl la.
- a) Règ Lekòl la
  - Règ ak politik chak lekòl dwe apwouve pa Konsèy Etablisman an ak/oswa Komisyon Administrasyon an.
  - Règ lekòl yo pa dwe antre an konfli avèk okenn Sikilè Sipè-entandan BPS yo oswa avèk Kòd Kondwit BPS la.

#### **Seksyon 4: ENTÈVANSYON ALTÈNATIF POU ELÈV YO**

Seksyon sa a dekri entèvansyon altènatif, entèvansyon ki adapte ak elèv kote yon Direktè Lekòl/Responsab Lekòl la kapab konsidere pou sipòte gwo bezwen elèv yo.

- *Ranvwa Tanporè nan Klas la ak Sant Planifikasyon pou Elèv*
  - Aprè yo fin eseye epi dokimante apwòch pozitif ak apwòch responsab yo, men yo pa pote reyisit nan saldeklas la, yo kapab oryante yon elèv ki genyen difikilte bay yon Sant Panifikasyon pou Elèv. Elèv la rete nan sant planifikasyon an sèlman pandan tan ki nesèsè pou ede evalye bezwen imedya li epi pou fè yon plan pou elèv la reyisi retounen antre epi rete nan klas.
  - Sant planifikasyon an pèmèt elèv la konsève devwa nan klas yo, abòde plan rantrè elèv la, epi pèmèt Sant Planifikasyon an kolabore avèk pwofesè saldeklas la pou ede elèv la reyisi retounen nan klas la.
  - Ranvwa nan yon Sant Planifikasyon pou Elèv dwe konstitiye yon sispansyon nan lekòl la, sa ki mande lekòl yo pou swiv pwosedi sispansyon an, si yo ranvwaye yon elèv pou 90 minit oswa pou de peryòd kou, se dire ki pi kout la y ap kenbe.
- *Sistèm Jesyon Konpòtman*
  - Manm pèsònèl ak elèv yo kapab elabore sistèm jesyon konpòtman yo ansanm pou kou yo, rankont, pwogram, otobis, ak/oswa lekòl la, selon nivo pwogresif privilèj ak restriksyon yo.
  - Egzanp sistèm jesyon konpòtman an genyen ladan: kontra sou konpòtman yo dakò sou yo a, evalyasyon fonksyonèl konpòtman avèk ranfòsman pozitif ak ankourajman, oswa syèj yo atribye.

- *Ranvwa nan Konferans Akademik pou Anplwaye*<sup>3</sup>
  - Si yon manm nan pèsonèl edikatif la wè oswa vin okouran de nenpòt konpòtman ki kreye enkyetid, yo ankouraje yo pou pale touswit avèk elèv la, rele/voye tèks/imèl bay paran/gadyen legal/swanyan elèv la, epi/oswa konsilte responsab lekòl li a jan sa nesèsè epi jan sa apwopriye. Si li t ap itil, anplwaye a kapab pwopoze pou rankontre paran an/gadyen legal/swanyan an ak elèv la ansanm.
- *Ranfòse Konferans Enfòmèl avèk Administratè a*
  - Responsab Lekòl la oswa reprezantan li a kapab konvoke yon rankont avèk elèv la oswa avèk elèv yo pou diskite sou nenpòt konpòtman ki kreye enkyetid epi idantifye sipò ki nesèsè. Responsab Lekòl la oswa reprezantan an kapab konvoke yon rankont avèk elèv la avèk/oswa paran/gadyen legal/swanyan an pou diskite sou nenpòt konpòtman ki kreye enkyetid epi idantifye sipò ki nesèsè.
  - Rankont sa a pa dwe enlike plis pase yon elèv.
- *Fè Kontra*
  - Manm pèsonèl lekòl la kapab kreye akò avèk elèv yo pou diskite sou altènatif pou konpòtman ki kreye enkyetid yo, ranfòse atant ki genyen rapò ak konpòtman yo, epi dekri konsekans yo. Kontra sa yo volontè epi yo ekri yo pou ranfòse konpòtman elèv yo pandan yo lekòl la, pandan yo prale lekòl la oswa pandan y ap soti lekòl la, nan transpò lekòl la bay, epi nan aktivite lekòl la esponsòrizasyon yo, epi pandan ak aprè jounen lekòl regilye a. Kontra sa yo kapab genyen ladan lòt manm pèsonèl, paran/gadyen legal/swanyan, oswa administratè yo.
- *Ajisteman nan Orè Kou*
  - Yo dwe enfòmè paran/gadyen legal/swanyan yo nan fen jounen lekòl la konsènan tout chanjman nan orè elèv la. Aprè yon apèl telefonik, notifikasyon an dwe fèt alekri, epitou li dwe fèt nan lang fanmi an. Entèkansyon an dwe dokiman nan Sistèm Enfòmasyon Elèv ki apwouve pa BPS la.
  - Ajisteman akoutèm nan orè a kapab fèt si genyen prèv de yon konfli k ap dewoule ant elèv yo avèk/oswa ant yon elèv avèk yon pwofesè. Ajisteman koutèm nan orè a kapab fèt pandan jiska twa jou (3) jou konsekitif, *aprè* yo fin voye avi bay elèv la ak paran/gadyen legal/swanyan elèv la, ki dwe genyen ladan rezon pou ajisteman yo pwopoze a.
  - Yon ajisteman koutèm nan orè a se t ap pandan yon peryòd tan ki plis pase 3 jou epi sèlman aprè lekòl la epi paran an/gadyen legal/swanyan an dwe eseye yon sesyon medyasyon.
- Atelye pou Sipò an Gwoup epi Endividyèl Volontè nan Succeed Boston (*Voluntary Individual and Group Support Workshops*) - yon apwòch altènatif ki prevni sispansyon pandan l ap abòde koz pwofonn diferans disiplinè yo atravè itilizasyon pratik dirab sou plan global, kiltirèl, epi lengistik pou elèv ki nan klas 1-5 ak 6-12.
  - Tout elèv k ap asiste atelye volontè a (yo) nan Succeed Boston @ Sant Counseling ak Entèkansyon an dwe genyen posiblite pou fè pwogrè akademik nan anviwònman lekòl la. Pandan y ap asiste atelye yo, yo dwe bay elèv yo posiblite pou ratrape devwa yo epi jwenn kredi yo te rate yo, sa ki genyen ladan, men pa limite ak, devwa lakay, ti tè, egzamen, travay, ak pwòje yo te rate yo.
  - Pwogram kont Konsomasyon Dwòg la (Substance Use Program) se yon pwogram volontè

<sup>3</sup> *Referral by Non-Educational Staff and Non-BPS Employees* - If an individual working in a BPS school, who is not a BPS employee, (i.e., BPS Partner, contractor, volunteer, etc.) sees any behavior that is concerning, they are encouraged to promptly report their observation(s) to the relevant BPS staff member(s), which may include the student's teacher, classroom staff, and/or school leader.

pou elèv ki konsome dwòg oswa alkòl prezante yon enkyetid pou yo. Pwogram nan bay edikasyon ak counseling konsènan efè dwòg, alkòl, ak sigarèt vapè epi bay elèv yo lòt mwayen pou jere estrès. Yo pral bay ranvwa pou sèvis eksteryè yo jan sa nesèsè.

- Tanpri kontakte [Succeed Boston](#) pou jwenn klarifikasyon konsènan opsyon sipò volontè yo.

### **a) AKSYON DISIPLINÈ - ALTÈNATIF POU SISPANSYON**

Selon mezi disiplin pwogresif yo, seksyon sa a dekri altènatif ki posib pou sispansyon ke yon Chèf Etablisman kapab konsidere olye li pouswiv yon sispansyon selon Seksyon 7 nan Kòd la. Altènatif sa yo se pa yon lis ki genyen tout opsyon pou maksimize tan yo panse nan saldeklas la ak pou redwi eksklizyon pou elèv yo.

- *Retni (anvan oswa aprè lekòl)*
  - Lekòl yo ta dwe itilizasyon retni kòm yon posiblite pou bay elèv yo sipò edikatif.
  - Yo dwe rele nan telefòn, voye yon imèl, ak/oswa yon avi ekri bay elèv la ak paran/gadyen legal/swanyan, nan lang yo chwazi nan fanmi an, pou enfòmè yo konsènan desizyon sa a nan delè ki rezonab.
  - *Tan Retni an*
    - *Aprè Lekòl* - Yon elèv kapab pije retni pandan pa plis pase inèdtan aprè lekòl pandan chak jou retni an, ki kapab dire jiska twa (3) jou lekòl.
    - *Anvan Lekòl* - Yo kapab egzije yon elèv pou rive byen bonè pandan yon kantite jou ki dètèmine, depi total retni an pa depase twa (3) jou pa enfraksyon.
  - Si yo pa ka jwenn paran an/gadyen legal/swanyan an nan telefòn, elèv la kapab pije retni li a nan pwochen jou lekòl la si Direktè Lekòl la/Responsab Lekòl la te voye yon avi ekri lakay la avèk elèv la.
  - Dispozisyon an dwe fèt pou elèv ki te resevwa transpò nan "otobis jòn". Yo dwe voye yon avi nan yon delè ki rezonab anvan retni an.
  - Retni anvan/aprè lekòl yo pa toujou apwopriye, (tankou, si elèv la dwe travay oswa li dwe pran swen fanmi l aprè lekòl la). Yo ankouraje Direktè Lekòl/Responsab Lekòl yo pou konsidere altènatif pou opsyon disiplin yo. Y ap otorize elèv yo pou fè devwa nan klas yo ak/oswa devwa lakay yo pandan retni an.
- *Pèt Privilèj Adisyonèl tankou Aktivite Aprè Lekòl yo, Sòti Edikatif, Dejne Anplènè sou Kanpis, Asanble, Bal Fen Ane, Gradyasyon, ak Seremoni*
  - Nan kòmansman chak ane lekòl, Direktè Lekòl/Responsab Lekòl la pral enfòmè tout paran/gadyen legal/swanyan konsènan privilèj elèv la nan lekòl la, tankou asanble, itilizasyon magazen lekòl la, dejne andeyò kanpis la, lesepase ki apwouve pou reta, kòd vestimantè pou elèv la, elatriye, ak fason yo lye ak atant jeneral elèv la.
  - Kòm yon altènatif pou sispansyon, yon elèv ki pa rive satisfè atant ki idantifye pou elèv yo epi/oswa ki kite batiman lekòl la, aktivite lekòl la esponsòriz, ki genyen ladan sòti edikatif oswa kanpis lekòl la san pèmision, kapab pèdi privilèj li yo.
  - Pou refize yon elèv privilèj lekòl la, lekòl la dwe voye avi ekri konsènan pèt privilèj la (yo) bay elèv la epi paran an/swanyan/gadyen legal/swanyan yo, nan lang yo prefere nan fanmi an.
  - Prezans yon elèv nan yon sòti edikatif pa kapab kondisyonèl pa lefètke paran an/gadyen legal/swanyan akonpanye l nan sòti a.
  - Lekòl la pa dwe definitivman refize elèv la dwa pou patisipe nan yon aktivite kontini lekòl la. *Yo pa kapab refize yon elèv privilèj lekòl la pandan plis pase yon semèn alafwa, oswa yon total twa (3) semèn nan yon peryòd koreksyon, sof si yo òganize yon odyans jan sa defini nan Seksyon 9.5*



lan.

- Yon paran kapab mande yon konferans avèk responsab lekòl la pou rekonsidere refi privilèj la.
- ***Refi Transpò Lekòl la Bay*** (Gade Sikilè Sipè-entandan an [#TRN 2](#))
  - Elèv ki fè aksyon ki mete an danje oswa ki pral kontinye mete lòt moun oswa yomenm an danje nan transpò lekòl la bay, ki genyen ladan MBTA oswa otobis lekòl la, yo kapab refize yon transpò pou ale/ak pou soti lekòl la sou yon baz tanporè. Dènye rekou yo pral itilize pou kite elèv yo an sekirite se retire yon elèv nan otobis la. Yo kapab refize elèv yo transpò sèlman pou pèmèt BPS, elèv la, ak paran elèv la, gadyen legal, oswa swanyan an pou devlope yon Plan Sekirite nan Otobis ki kapab genyen ladan, men pa limite ak, yon plan pou syèj.
  - Si yon paran, yon gadyen legal, oswa yon swanyan pa anmezi pou bay transpò, nan ka sa yo ranvwa sa a pral konte kòm yon sispansyon andeyò lekòl la epi pwosedi pou sispansyon yo dwe aplike.
  - Elèv ki genyen yon andikap yo kapab mande lòt pwoteksyon anplis ki lye ak transpò. (Gade Sikilè Sipè-entandan an [#SPE-15](#))
- ***Reparasyon***
  - Nan kad pratik sou reparasyon nou yo, aprè yon konferans avèk elèv la ak paran/gadyen legal/swanyan an, lekòl la pral bay yon avi ekri si elèv la responsab pou repara, restore, oswa ranplase pwopriyete manm pèsonèl la, pwopriyete yon lòt elèv, oswa pwopriyete BPS ki te andomaje (jan sa apwouve pa Depatman BPS ki apwopriye a, tankou Etablisman yo oswa OIIT).
  - BPS kapab pa mande yon elèv oswa yon fanmi pou peye lajan pou repara, restore, oswa pou ranplase pwopriyete a.
- ***Pwogram Patenarya Volontè pou Deteksyon Dife*** pou elèv ki nan klas 2-5. Bay edikasyon ak counseling pou ede elèv yo konprann enpak ak konsekans sa genyen lè yo mete dife epi anpeche pwochen pwoblèm ki lye ak dife. Gade FSE#2 pou plis enfòmasyon. Atelye de zè a pral dewoule an liy ak klinisyen Succeed Boston yo, epi ak yon Komisè pou dife. Yo kapab bay referans[la](#).

## **Seksyon 5 RANVWA TANPORÈ NAN KLAS LA**

Lè sa posib, yo kapab tante fè estrateji sekirite, solidè, epi non-esklizif anvan ranvwa klas la.

- 5.2 Yo pa dwe ekskli okenn elèv nan klas la pandan plis pase katrevendis minit oswa pandan de peryòd kou, nenpòt sa ki pi kout, san yo pa klasifye tan andeyò klas la kòm yon sispansyon nan lekòl la epi pa deklantche pwoteksyon pwosesis regilye a (tanpri ale nan Sikilè Sipè-entandan an [#SUP-5](#)) pou jwenn konsèy sou pi bon pratik pou sipòte elèv yo pandan yon ranvwa tanporè de klas la). Yo aplike bagay sa yo nan klas Anseyman Pwofesyonèl ak Teknik (CTE). Yon elèv dwe tounen nan klas la lè li santi li kapab fè sa.
- 5.3 Chak fwa yo ranvwaye yon elèv de yon klas, Administratè Batiman an oswa moun ki Dezinye a dwe enfòmè paran an/gadyen legal la/swanyan an (yo), dwe esplike poukisa yo retire elèv la nan klas la.
- Paran an (yo)/gadyen legal/swanyan an(yo), manm pèsonèl la, ak elèv la pral rankontre avèk paran an(yo)/gadyen legal/swanyan an(yo) si yo te ranvwaye elèv la de menm klas la plis pase de (2) fwa pa semèn oswa kat (4) fwa pa peryòd koreksyon pou devlope yon plan sou fason pou

pi byen soutni elèv la nan aktyèl li a oswa pou konsidere, ansanm avèk paran an (yo)/gadyen legal/swanyan an/yo, yon chanjman lontèm nan orè pou elèv la.

- Yo pa dwe ranvwaye elèv la de menm klas la plis pase de (2) fwa pa semèn oswa kat (4) fwa pa peryòd koreksyon akòz yo swivpwosedi yo.

## Seksyon 6 ATANT POU SISPANSYON

6.1 Atant konsènan sispansyon elèv yo nan klas K0 jiska klas 5

6.1.1 Sispansyon elèv yo nan klas K0 - 2 entèdi

6.1.2 Elèv ki nan klas 3-5 kapab tonbe nan sispansyon sèlman lè:

- Distri a te swiv tout pwosedi legal ke lalwa egzije yo, EPI
- *Yo te bay avi ki apwopriye ak/oswa<sup>4</sup> apwobasyon:*
  - *Klas 3-5: Responsab Operasyonèl la apwouve pou Direktè Lekòl/Chèf Etablisman an kontinye avèk eksklizyon ki posib de lekòl la EPI*
    - *Pou Klas 3 sèlman: Yo te enfòm Sipè-entandan an alekri konsènan yon sispansyon andeyò lekòl la, ki genyen ladan yon deskripsyon konsènan move konpòtman an ak rezon pou mete elèv la nan sispansyon andeyò lekòl la.*
  - Yo kapab enpoze sispansyon an sèlman pou elèv 3yèm-5yèm ane yo pou rezon sa yo:
    - Elèv la te agrese yon elèv oswa yon manm nan pèsònèl edikatif la, epi direktè lekòl la/responsab lekòl la genyen enfòmasyon espesifik, enfòmasyon li ka prezante kote direktè lekòl la/chèf etablisman an mete fen pou di ke elèv la t ap lakoz gwo domaj fizik sou yon kamarad klas oswa sou yon manm nan pèsònèl edikatif la si elèv la rete nan lekòl la;
    - Elèv la te genyen nan men l yon zam danjre oswa yon sibstans kontwole;
    - Move kondwit seksyèl;
    - Kondwit seksyèl oswa langaj ki baze sou prejije; oswa
    - Entimidasyon ki repete.

6.2 Atant konsènan sispansyon TOUT elèv ki nan klas 3 jiska klas 12

6.2.1. Anvan yo pran aksyon disiplinè pou enfraksyon ki dekri nan Seksyon 7 la, Lekòl la pral revize epi pral swiv Seksyon 3 nan Kòd Kondwit la ak pral dokimante entèvansyon ak estrateji prevansyon ki itilize avèk elèv yo nan Sistèm Enfòmasyon Elèv nan BPS ke y ap itilize pou kounyeya. Pratik sa a obligatwa anvan yo enpoze tout eksklizyon.

Eksepsyon : Egzijans sa yo kapab pa aplike nan ka ki lye ak sèten gwo enfraksyon epi avèk apwobasyon Responsab Operasyonèl ki atribye a. Egzijans sa yo kapab pa aplike lè elèv la ap fè fas avèk sispansyon selon MGL c. 71 § 37H ak § 37H ½. Yon elèv k ap fè fas avèk sispansyon selon lwa sa a (yo) si yo akize elèv la ke li te posede yon zam danjre (gade 7.1.1), li te posede yon sibstans kontwole (gade

---

<sup>4</sup> The notification must include a description of the alleged conduct and the reason for a suspension. The Operational Leader shall review the circumstances leading to the request for the disciplinary hearing and, if appropriate, grant approval for the School Leader (or their designee) to move forward with the disciplinary hearing.

7.1.2), li te agrese yon manm pèsònèl edikatif (see 7.1.3), oswa li te soufri de yon kondansyon pou yon krim (7.1.4).

6.2.2 Lè yo ranvwaye yon elèv de nenpòt kou odela 90 minit oswa pandan de peryòd kou, nenpòt sa ki pi kout, ranvwa a pral fòme yon sispansyon epi pral egzije pou kòmanse pwosedi sispansyon aprè move kondwit la kòm yon konsekans pou yon vyolasyon nan Seksyon 7 nan Kòd la. Sa aplike ak ranvwa ki kapab rive nan pwogram Edikasyon Teknik ak Pwofesyonèl (CTE) ke BPS Esponnsorize.

6.2.3 Ranvwa sèlman pou pa patisipe nan aktivite andeyò pwogram lekòl yo oswa nan evènman lekòl la esponsorize, oswa toude, pa dwe konte kòm jou sispansyon.

- Eksepsyon : Sa ekskli sòti edikatif oswa aktivite eskolè ki obligatwa pou ansèyman ak aprantisaj epi pral mennen yon devwa ki kapab resevwa nòt.

6.2.4 Okenn lekòl pa genyen obligasyon pou mete yon elèv nan sispansyon.

6.2.5 Yo pa dwe mete okenn elèv nan sispansyon de fwa pou menm ensidan an (*e.g.*, 2 jou nan sispansyon lakay epi 1 jou nan sispansyon andeyò lekòl la pou menm ensidan an).

6.2.6 Okenn elèv pa dwe tonbe anba plis pase yon odyans disiplinè pou menm ensidan an.

6.2.7 Pou tout elèv yo mete nan sispansyon de lekòl la (sispansyon) oswa mete deyò (ekspilasyon), Administratè Batiman an oswa Reprezantan an pral asire ke elèv la genyen posiblite pou fè pwogrè akademik pandan peryòd sispansyon an oswa pandan peryòd eksklizyon an, fè devwa, epi resevwa kredi pou travay li rate yo ki genyen ladan, men pa limite avèk, devwa lakay, ti tès, egzamen, travay ak pwojè yo.

6.2.8 Elèv yo te sispann de lekòl la pa kapab lekòl la oswa pa kapab patisipe nan okenn aktivite lekòl la esponsorize, ki genyen ladan men pa limite avèk pratik espòtif lekòl la, evènman, jwèt, oswa tout aktivite andeyò pwogram lekòl la pandan peryòd sispansyon an. Tout tantativ pou retounen nan lekòl la oswa nan yon aktivite/evènman lekòl la esponsorize anvan fen peryòd sispansyon ki te enpoze a kapab konsidere kòm yon vyolasyon sou pwopriyete lekòl la.

- Eksepsyon : Entèdiksyon sa a sou patisipasyon nan tout aktivite lekòl la esponsorize pa aplike ak elèv ki te volontèman chèche sèvis nan Succeed Boston.

## **Section 7 ■ REZON POU SISPANSYON AKOUTÈM, SISPANSYON ALONTÈM, SISPANSYON ENDEFINI, OSWA EKSPILSYON**

Seksyon sa a dekri vyolasyon ki lye ak lekòl la kote yon elèv kapab tonbe anba sanksyon selon lòt seksyon nan Kòd la. Pou tout sispansyon koutèm, sispansyon lontèm, sispansyon endefini, oswa ekspilasyon ki kouvri nan seksyon sa a, yon elèv genyen dwa ak yon odyans disiplinè, ki dwe òganize dis 10 jou apati jou yo te deklare ensidan an.

- Aprè odyans disiplinè a, selon Supt. #5, pou yon sispansyon lontèm, sispansyon endefini, oswa ekspilasyon, chèf etablisman an dwe soumèt ranvwa yo rekòmande a bay Responsab

Operasyonèl li a. Yo kapab ranvwaye elèv la sèlman si Responsab Operasyonèl la revize dispozisyon yo rekòmande a, li apwouve epi li siyen notifikasyon ki egzije a, epi li te bay yon kopi notifikasyon siyen sa a, bay paran an (yo)/gadyen legal la(yo)/swanyan an(yo) an Anglè epi nan premye lang yo pale nan fanmi an.

## **Enfraksyon ki Grav ki KAPAB mennen ekspilsyon de lekòl la pandan jiska yon ane kalandriye (Seksyon 7.1 SÈLMAN).**

### **7.1 Dispozisyon Jeneral pou Sanksyon ki Lye ak Lekòl la**

- 7.1.1 Posesyon yon zam danjre, ki genyen ladan, men pa limite ak, yon zamafe, yon kouto, oswa yo zam elektrik (*tankou*, yon Taser). Tanpri ale nan Seksyon 14.13 pou jwenn yon definisyon konsènan yon "zam danjre".
- 7.1.2 Posesyon yon sibstans kontwole genyen ladan, men pa limite ak, marigwana (ki genyen ladan lwil pou fè manje ak lwil THC), kokayin, ak ewoyin. Tanpri ale nan Seksyon 14.11 pou jwenn yon definisyon konsènan yon "sibstans kontwole".
- 7.1.3 Agresyon sou pèsònèl edikatif la.
- 7.1.4 Kondanasyon pou yon Krim – si Administratè Batiman an detèmine ke prezans kontini elèv la nan lekòl la t ap genyen yon gwo efè destriktif sou byennèt jeneral lekòl la.

## **Yon elèv KAPAB tonbe anba sispansyon endefini pou enfraksyon sa a:**

### **7.2 Krim oswa Plent pou Delenkans Kriminèl / Akizasyon**

- 7.2.1 Plent pou Krim (oswa delekans kriminèl pou yon elèv **ki genyen mwens pase 18 lane**) pibliye kont yon elèv epi Responsab Lekòl la dekouvri ke prezans kontini elèv la t ap genyen yon gwo efè destriktif sou byennèt jeneral lekòl la (gade Seksyon 14.22 pou jwenn yon definisyon konsènan "plent pou krim").

## **Enfraksyon sa yo KAPAB mennen sispansyon akoutèm oswa alontèm selon mezi pwogresif yo (Seksyon 7.3 - 7.11):**

### **7.3 Agresyon ak Kou / Domaj nan Kò / Menas**

- 7.3.1 Agresyon sou manm pèsònèl lekòl la (gade Seksyon 14.3).
- 7.3.2 Move Kondwit Seksyèl (gade Seksyon 14.38).
- 7.3.3 Agresyon sou nenpòt moun (gade Seksyon 14.3).
- 7.3.4 Agresyon ak kou sou nenpòt moun, ki lakoz domaj fizik, eksepte lè yo kwè ke aksyon elèv la nesèsè yon fason ki rezonab pou pwoteje tèt li jan Responsab Lekòl la detèmine sa (oswa reprezantan an) nan prèv ki prezante yo.
- 7.3.5 Mete an danje sekirite fizik oswa sante mantal/emosyonèl yon lòt avèk itilizasyon fòs oswa menas fòs ki kominike pa nenpòt mwayen ki genyen ladan mwayen ekri, vèbal, jès fizik, oswa

atravè itilizasyon nenpòt mwayen teknolojik oswa nenpòt mwayen elektwonik. Sa genyen ladan menas ki fèt pa yon aksyon eksplisit, ki eksprime pa nenpòt mwayen, yon fason rezonab ki fè viktim nan pè pou yo pa blese l yon fason ki grav, bizitaj (hazing) (gade Seksyon 14.28), grafiti, ak lòt menas ki kominike pa nenpòt mwayen: ekri, vèbal, oswa atravè itilizasyon mwayen teknolojik oswa nenpòt mwayen elektwonik.

7.3.6 Mete an danje sekirite lòt moun pandan l ap mete dife oswa pandan l ap fè tantativ pou mete dife.

7.3.7 Ankouraje yon konba fizik pandan l ap òganize ak/oswa pandan l ap pwovoke konba a, oswa pandan l ap afiche epi/oswa pibliye yon videyo oswa foto konsènan konba fizik la, si ankourajman sa a genyen yon gwo efè destruktif sou byennèt jeneral lekòl la.

*Eksepsyon* : Pataje yon videyo oswa foto konsènan yon konba fizik avèk yon responsab lekòl la pa dwe konstitiye yon vyolasyon nan Seksyon Kòd sa a.

#### 7.4 *Posesyon Zamafe, Zam Danjre ak Objè ki pa Genyen Okenn Itilizasyon Rezonab*

Enfraksyon sa yo kapab mennen sispansyon akoutèm oswa alontèm selon mezi pwogresif yo:

7.4.1 Posesyon tout zamafe (gade Seksyon 14.23) kapab mennen sispansyon nan pa plis pase 90 jou lekòl nan yon ane lekòl, dwe detèmine pa Administratè Batiman an.

7.4.2 Posesyon yon zam danjre (gade Seksyon 14.13) , oswa objè ki pa genyen okenn itilizasyon rezonab (gade Seksyon 16.32), ki itilize nan yon fason ki fè menas nan lekòl la ak/oswa nan aktivite lekòl la esponsorize.

7.4.3 Posesyon tout kouto oswa zam danjre ke lalwa entèdi, ki diferan de yon zamafe (gade Seksyon 14.13), oswa objè ki pa genyen okenn itilizasyon rezonab (gade Seksyon 14.34).

7.4.4 Itilizasyon tout objè nan yon fason ki danjre oswa ki fè menas (see Section 14.34)].

7.4.5 Posesyon yon objè ki pa genyen okenn itilizasyon rezonab (gade Seksyon 14.34).

#### 7.5 *Entimidasyon ak Sibè-entimidasyon*

7.5.1 Entimidasyon/Sibè-Entimidasyon (gade seksyon 14.8, Sikilè Sipè-entandan [SSS-18](#))

#### 7.6 *Kondwit ki Baze sou Prejije ak Move Kondwit Seksyèl*

Sa yo se enfraksyon ki deklare bay Biwo Ekite a (Tanpri ale nan Sikilè Sipè-entandan an [EQT-1](#) jiska [EQT-6](#)):

7.6.1 Move Kondwit ki Baze sou Prejije (gade Sikilè Sipè-entandan an [EQT-2](#)).

7.6.2 Komèt zak seksyèl move kondwit (gade Seksyon 14.38).

7.6.3 Komèt zak asèlman ki lye ak yon apatenans reyèl oswa yon apatenans yo remake nan yon klas pwoteje (ras, koulè, laj, andikap, sèks/sèks, idantite seksyèl, relijyon, orijinal nasyonal, zansèt, zak reprezay, oryantasyon seksyèl, jenetik, sityasyon limitè, oswa sanzabri).

7.6.4 Itilizasyon ensilt rasyal, etnik, ak/oswa ensilt omofòb nan yon fason ki regilye epi/oswa nan yon

fason abizif.

## 7.7 Posesyon ak Konsomasyon Alkòl, Tabak ak lòt Sibstans ki Entèdi

7.7.1 Distribisyon oswa posesyon tout sibstans kontwole ki preskri oswa ki pa preskri, ki genyen ladan men pa limite ak opyoyid, nakotik, medikaman alisinojèn, anfetamin, babitirik, bwason alkowolize abaz marigwana, oswa nenpòt kalite sibstans toksik. Yo pa konsidere sa kòm yon vyolasyon ki nwi byennèt jeneral ak sekirite lòt elèv yo ak manm pèsònèl lekòl la.

7.7.2 Yo entèdi itilizasyon pwodwi tabak, ki genyen ladan men pa limite ak sigarèt elektwonik, lòt materyèl ki fasilite konsomasyon dwòg, ak pwodwi vapè yo sou pwopriete lekòl la, nan aktivite lekòl la esponsòrizasyon, oswa pandan l ap itilize transpò lekòl la bay. MGL C. 270, § 29(a) (gade Sikilè Sipè-entandan an HWD-06).

7.7.3 Yo entèdi distribisyon oswa itilizasyon pwodwi vapè yo MGL C. 270 § 29(b); MGL C. 270, § 6.

## 7.8 Vòl ak Vandalis

7.8.1 Eseye vole byen lekòl la avèk fòs oswa avèk menas.

7.8.2 Andomaje oswa vole byen lekòl la oswa byen prive, ki genyen ladan falsifikasyon dosye lekòl la.

## 7.9 Itilizasyon Rezo ki Pa Akseptab, ki Genyen Ladan Platfòm Entènèt, ak Kourye Elektwonik (Imèl)

Eksepsyon : Vyolasyon sa yo konsènan Politik Itilizasyon ki Akseptab nan Lekòl Piblik Boston yo kapab mennen pèt privilèj Entènèt yo, privilèj pou imèl, ak/oswa disiplin.

7.9.1 Itilizasyon rezo a pou tout aktivite ilegal oswa komèsyal.

7.9.2 Voye enfòmasyon epi/oswa itilize enfòmasyon ki ofansif nan yon anviwònman lekòl la, si lè yo voye enfòmasyon sa yo/lè yo itilize langaj sa yo, sa lakoz oswa kapab lakoz yon gwo pètibasyon oswa yo materyèlman entèfere avèk fonksyonman lekòl la.

7.9.3 Move Kondwit Akademik

7.9.4 Revele enfòmasyon pèsònèl yon lòt moun, tankou yon adrès, nimewo telefòn, nimewo kat kredi, nimewo sekirite sosyal, elatriye.

7.9.5 Fasilfikasyon avèk tout sistèm elektwonik BPS la.

7.9.6 Modifye, efase, oswa detwi fichye oswa done ki pou yon lòt itilizatè.

7.9.7 Pataje oswa voye mesaj ki seksyèlman eksplisit oswa foto pandan y ap itilize ekipman BPS yo oswa pandan yo sou sèvè BPS la. Yo kapab konsidere sa kòm difizyon pònografi minè oswa pou minè kòm vyolasyon M.G.L. C. 272, § 28.

## 7.10 Lèt Pètibasyon

7.10.1 Prezans nan yon pati nan batiman lekòl la oswa sou lakou lekòl la ki konsidere kòm andeyò limit pou elèv yo.

7.10.2 Kite batiman lekòl la, aktivite lekòl la esponsòrizasyon, ki genyen ladan sòti edikatif oswa kite kanpis lekòl la san pèmisyon.

*Eksepsyon* : Vyolasyon sa a kapab mennen yon pèt privilèj (ki genyen ladan patisipasyon nan evènman aprè pwogram lekòl yo, etc.) (*Gade Seksyon 3(a) a/oswa sanksyon.*

7.10.3 Otorize nenpòt moun ki pa otorize antre oswa re-antre nan yon batiman lekòl la, sa ki genyen ladan louvri pòt, avèk entansyon pou evite pwotokòl sekirite lekòl la.

7.10.4 Anpeche oswa fè tantativ pou evite, pa aksyon fizik, bon jan fonksyonman nenpòt pati nan nenpòt lekòl, tankou bloke antre oswa sòti nenpòt batiman lekòl, koulwa, oswa anpeche aksè lòt moun.

7.10.5 Entansyonèlman lakoz yon gwo pètibasyon oswa materyèlman entèfere avèk fonksyonman lekòl la oswa ansèyman lòt elèv yo. Sa genyen ladan itilizasyon ki pa otorize konsènan telefòn selilè selon Sikilè Sipè-entandan an SUP- 9.

7.10.6 Fè yon menas bonb.

7.10.7 Rale/Deklare yon fo alam pou dife.

## Seksyon 8 RANVWA AN IJANS (Enfraksyon selon MGL c. 71 § 37H ak § 37H ¾ .)

Nan ra sikonstans, Direktè Lekòl la/Chèf Etablisman an kapab ranvwaye yon elèv an ijans **sèlman si yo satisfè kat egzijans sa yo:**

1. Yo akize elèv la de yon enfraksyon disiplinè; **EPI**
2. Prezans kontini elèv la nan lekòl la prezante yon danje pou moun oswa pou pwopriyete, oswa materyèlman oswa vrèman deranje pou lòd lekòl la **EPI**
3. Nan jijman Direktè Lekòl la/Chèf Etablisman an, pa genyen okenn lòt altènatif ki disponib pou redwi danje a oswa pètibasyon an; **AND**
4. Lekòl la fè dispozisyon ki apwopriye pou sekirite ak transpò elèv la.

Ranvwa an ijans lan pa dwe depase yon (1)jou lekòl aprè jou ranvwa an ijans lan. Yo dwe bay paran (yo)/gadyen legal (yo)/swanyan (yo) yon posiblite pou jwenn yon odyans pandan moman sa a. Odyans Disiplinè a ta dwe fèt nan pwochen jou aprè ranvwa a, sof si paran yo/gadyen legal/swanyan yo mande yon ranvwa pou yon lòt jou. Sitiyasyon ki te mennen nan yon ranvwa an ijans dwe prezan pou ranvwa ijans lan kapab kontinye nan 2yèm jou a. (*Gade Sikilè Sipè-entandan an SUP-5*) pou jwenn pwosedi ak notifikasyon ki nesèsè pou ranvwa an ijans yo.

Yo dwe itilizesistèm Inivèsèl Sòti Dijans BPS la nan Sistèm Enfòmasyon Dijans Elèv la nan BPS.

## Seksyon 9 APÈL POU SISPANSYON AKOUTÈM AK SISPANSYON ALONTÈM

- Tout elèv yo te sispann nan lekòl la akoutèm oswa alontèm selon seksyon 7.3 - 7.10.7 nan Kòd sa a dwe genyen dwa pou fè apèl bay Sipè-entandan an oswa bay reprezantan li a disi dis (10) jou apati dat sispansyon an. Paran (yo)/gadyen legal (yo)/swanyan (yo) kapab mande yon ekstansyon odyans apèl la jiska sèt (7) jou kalandriye.

- Nan delè ki pa depase dis (10) jou lekòl pou enpozisyon yon sispansyon, yon elèv oswa pran l (yo)/gadyen legal li (yo)/swanyan li (yo) kapab depoze yon demann pou yon apèl bay Responsab Odyans Sipè-entandan an.
- Paran (yo)/gadyen legal (yo)/swanyan (yo) kapab mande yon ekstansyon odyans apèl la jiska sèt (7) jou kalandriye.

## **Seksyon 10 APÈL POU SISPANSYON AK EKSPILSYON ENDEFINI**

- Tout elèv yo sispann oswa mete deyò yon fason endefini nan lekòl la selon seksyon 7.1 - 7.2 nan Kòd sa a dwe genyen dwa pou fè apèl bay Sipè-entandan an (gade MGL c. 71 §37H oswa §37H½).
  - Nan delè ki pa depase dis (10) jou lekòl pou enpozisyon yon sispansyon, yon elèv oswa pran l (yo)/gadyen legal li (yo)/swanyan li (yo) kapab depoze yon demann pou yon apèl bay Sipè-entandan an.
  - Paran (yo)/gadyen legal (yo) /swanyan (yo) kapab mande yon ekstansyon odyans apèl la jiska sèt (7) jou kalandriye.

## **Seksyon 11 ELIMINASYON AK DIVILGASYON DOSYE**

- Si aprè revizyon, Direktè Lekòl la/Chèf Etablisman an, an kolaborasyon avèk Responsab Operasyonèl avèk/oswa Responsab Apèl la detèmine ke yon elèv pa te komèt yon vyolasyon yo te akize l pou li a, nan ka sa, yo pral elimine tout referans ak ensidan an ak pwosedi disiplinè yo touswit nan dosye elèv la. Responsab odyans lan pral enfòmè paran an (yo)/gadyen legal la (yo)/swanyan an (yo) ak elèv yo alekri ke yo pral elimine dosye sa yo. Si yo anile yon sispansyon oswa yon apèl pou erè nan pwosedi, yo pral efase jou sispansyon oswa jou ekspilasyon yo nan dosye elèv la, men Responsab Odyans lan pral detèmine nan ki pwen yo pral efase referans siplemantè ki lye ak ensidan an nan dosye elèv la. Responsab odyans lan pral enfòmè paran an (yo)/gadyen legal (yo)/swanyan an (yo) ak elèv yo alekri ke yo pral elimine dosye sa yo.
- Anplwaye yo nan lekòl la pa dwe divilge bay enstitisyon edikasyon aprè lekòl segondè yo okenn pati nan dosye yon elèv ki genyen ladan enfòmasyon konsènan sispansyon nan lekòl la, sispansyon andeyò lekòl la, ranvwa, ekspilasyon, oswa nenpòt lòt vyolasyon disiplinè oswa move kondwit. Okenn anplwaye lekòl la, ki genyen konseye oryantasyon oswa konseye nan kolèj, pa dwe pibliye oswa diskite avèk okenn enstitisyon konsènan enfòmasyon ki genyen rapò ak istwa disiplinè yon elèv sof si lalwa mande sa (gade Sikilè Sipè-entandan an LGL-07).

## **Seksyon 12 ELÈV KI ANDIKAPE**

- Elèv ki andikape yo genyen lòt dwa pwosedi regilye apa de sa yo ki mansyone nan Kòd sa a.
  - Yon elèv ki genyen yon andikap konsène nenpòt elèv:
    - ki genyen yon IEP,
    - ki genyen yon plan 504,
    - y ap evalye kounyeya pou sèvis edikasyon espesyal,
    - paran (yo)/gadyen legal (yo)/swanyan (yo) te mande yon evalyasyon edikasyon espesyal pou yo,



- paran (yo)/gadyen legal (yo)/swanyan (yo) te eksprime enkyetid alekri bay manm pèsònèl sipèvizyon an oswa manm pèsònèl administratif la ke elèv la genyen bezwen pou edikasyon espesyal ak pou sèvis ki asosye yo, epi/oswa
  - lekòl la oswa manm pèsònèl distri a te eksprime enkyetid espesifik konsènan yon modèl konpòtman dirèkteman bay manm pèsònèl sipèvizyon an.
- Anvan yo kontinye avèk yon odyans disiplinè pou yon elèv ki genyen yon andikap, Direktè Lekòl la/Chèf Etablisman an oswa reprezantan li a pral detèmine si elèv ki genyen yon andikap la gen dwa ak yon rankont Ekip ki rele yon Revizyon pou Detèminasyon Manifestasyon (Manifestation Determination Review, “MDR”) (gade Sikilè Sipè-entandan an **SPE-15** pou jwenn kritè ak pwosedi pou òganize rankont MDR yo).
  - Si elèv la gen dwa ak yon MDR, Ekip Edikasyon Espesyal elèv la dwe reyini pou reponn de kesyon. Premyèman, èske kondwit sa a te lakoz pa andikap elèv la oswa te genyen gwo relasyon dirèk avèk andikap elèv la? Dezyèmman, èske kondwit la se te rezilta pwoblèm reyalizasyon IEP elèv la?
  - Yo pa kapab sispann oswa mete yon elèv ki genyen andikap deyò si Ekip elèv la detèmine ke repons pou youn nan de kesyon sa yo te wi.
    - *Eksepsyon* : Nan kèk gwo sikonstans, san konsidere desizyon Ekip elèv la, yo kapab mete elèv la nan yon anviwònman Edikasyon Altènativ Pwovizwa pandan yon peryòd jiska 45 jou kalandriye (gade Sikilè Sipè-entandan an **SPE-15**)
- Yo dwe bay elèv ki andikape yo yon edikasyon piblik ki gratis epi ki apwopriye (free appropriate public education, “FAPE”) pandan nenpòt peryòd sispannyon ki dire plis pase dis (10) jou lekòl swa yon fason konsekitif oswa kimilatif.

### **Seksyon 13 PIBLIKASYON AK DISTRIBISYON**

Kòd sa a se sèl dokiman ki genyen règ ak regleman Lekòl Piblik Boston yo k ap dirije kondwit tout elèv Lekòl Piblik Boston yo yo. Kòd sa a ranplase tout règ lekòl la ak tout ansyen edisyon Kòd Kondwit Lekòl Piblik Boston yo la. Kòd sa a pral aplikab lè Komite Boston School la apwouve l.

### **Seksyon 14 DEFINISYON**

Jan mo sa yo itilize nan Kòd sa a, yo dwe genyen definisyon ki mansyone anba a:

- 14.1 **PLAN 504:** pale konsènan yon Plan Aranjman ki devlope pou yon elèv yo te detèmine ki genyen yon andikap jan sa defini nan Seksyon 504 nan Lwa 1973 sou Reyadaptasyon an. Objektif Plan 504 la se pou asire ke okenn moun ki genyen yon andikap ki kalifye ki vrèman limite youn oswa plis gwo aktivite nan lavi l pa pèmèt yo ekskli yo, refize yo avantaj, oswa refize yo menm aksè ak tout ansèyman, aktivite lekòl la, oswa batiman lekòl la menm jan avèk elèv ki san andikap yo.
- 14.2 **MOVE KONDWIT AKADEMIK:** itilizasyon oswa tantativ pou itilizasyon metòd malonèt oswa metòd ki enjis oswa pratik yo itilize pou jwenn avantaj nan etid pa mwayen ki genyen ladan, men pa limite avèk, trichri plajya, vyolasyon dwa dotè, oswa itilizasyon ki pa otorize de sit entènèt/aplikasyon pou rezoud pwoblèm yo.

- 14.3 **POLITIK SOU UTILIZASYON KI AKSEPTAB KONSÈNAN REZO YO, KI GENYEN LADAN ENTÈNÈT LA:** yon politik BPS pou asire ke elèv ak manm pèsonèl itilize teknoloji lekòl la pou aksede nan rezo a nan yon fason responsab, ki legal, epi ki etik.
- 14.4 **AGRESYON:** yon tantativ oswa yon menas pou fizikman nwi yon lòt moun avèk kapasite aktyèl pou fè sa epi viktim nan genyen laperèz ki rezonab oswa enkyetid konsènan enkyetid pou sibi domaj nan kò l. Agresyon ki komèt san kontak fizik. *Yo jeneralman refere yon agresyon ki konplè kòm yon kou.*
- 14.5 **PLAN ENTÈVANSYON POU SIPÒ KONPÒTMANTAL (BSIP):** yon plan ki devlope pa yon Ekip Edikasyon Espesyal apati Evalyasyon Konpòtmantal Fonksyonèl la epi ki itilize pou idantifye epi abòde koz konpòtman elèv la.
- 14.6 **KONDWIT KI BAZE SOU PREJIJE:** tout mezi yon moun pran oswa deklarasyon ridikil ki fèt sou aktyèl karakteristik oswa karakteristik ki remakab, ki genyen ladan ras yon moun, koulè, orijin nasyonal, zansèt, aparans fizik, sitiyasyon akademik, gwoup etnik, relijyon, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl oswa ekspresyon seksyèl, andikap, laj, jenetik, sitiyasyon militè aktif, gwosès oswa sitiyasyon parantal, andikap fizik, andikap devlopmantral oswa andikap sansoryèl, oswa pa asosiyasyon avèk yon moun ki genyen oswa yo remake ki genyen youn oswa plis nan karakteristik sa yo.
- 14.7 **LEKÒL PIBLIK BOSTON YO Succeed Boston @ Sant pou Entèvansyon ak Counseling** (ki te rele anvan Sant pou Evalyasyon ak Counseling Barron): yon pwogram ki bay sèvis counseling, priz desizyon, ak ranfòsman konpetans sosyo-emyonèl pou elèv ki te komèt vyolasyon ki aplikab nan Kòd Kondwit la.
- 14.8 **ADMINISTRATÈ BATIMAN AN:** moun ki prensipalman responsab administrasyon politik lekòl la nan batiman lekòl la: Direktè Lekòl, Chèf Etablisman, oswa Direktè Pwogram.
- 14.9 **ENTIMIDASYON/SIBÈ-ENTIMIDASYON:** yon modèl, ki kapab yon sèl ensidan ki grav, ki itilizasyon pa youn oswa plis elèv oswa pa yon manm nan pèsonèl yon lekòl ki itilize ekspresyon ekri, vèbal oswa ekspresyon elektwonik oswa yon aksyon fizik oswa yon jès oswa toude sou yon viktim epi:
- (i) lakoz domaj fizik oswa domaj emosyonèl pou viktim nan oswa ki andomaje pwopriyete viktim nan;
  - (ii) mete viktim lan nan laperèz ki rezonab pou fè yo mal oswa pou andomaje pwopriyete yo;
  - (iii) kreye yon anviwònman ostil nan lekòl la pou viktim nan (pa egzanp, tankou si kondwit la kreye yon mank ekilib nan pouvwa reyèl oswa yon mank ekilib ki remakab ant elèv yo ak/oswa manm pèsonèl la);
  - (iv) vyole dwa viktim lan nan lekòl la; oswa
  - (v) vrèman pètibe materyèlman pwosesis edikasyon an oswa operasyon fonksyonman yon lekòl.

Entimidasyon dwe genyen ladan **sibè-entimidasyon**, ki vle di entimidasyon atravè itilizasyon teknoloji oswa nenpòt kominikasyon elektwonik, ki genyen ladan men pa limite ak, kourye elektwonik, kominikasyon sou entènèt, mesajri enstantane, oswa kominikasyon sou rezo sosyal. Epi tou Sibè-entimidasyon dwe genyen ladan:

- (i) kreyasyon yon paj entènèt oswa yon blòg kote kreyatè a asime idantite yon lòt moun; oswa
- (ii) imitasyon idantite yon lòt moun kòm otè kontni oswa mesaj ki afiche; oswa
- (iii) distribisyon yon kominikasyon pa mwayen elektwonik bay plis pase yon moun oswa afichaj materyèl sou yon sipò elektwonik ke youn oswa plis moun kapab jwenn aksè ak yo; EPI
- (iv) distribisyon oswa afichaj ki kreye nenpòt kondisyon ki mansyone nan atik (i) jiska (v) nan definisyon entimidasyon an.

Zak reprezay kont yon moun ki deklare entimidasyon, bay enfòmasyon pandan yon ankèt sou entimidasyon, te temwen yon ensidan entimidasyon, oswa genyen enfòmasyon ki fyab konsènan entimidasyon ki entèdi nan seksyon 7.6.3 nan Kòd sa a. (Gade Sikilè Sipè-entandan an [#SSS-18](#).)

- 14.10 **SWANYAN:** moun ki te ranpli “Deklarasyon sou Sèman pou Otorizasyon Swanyan” ki notarye a epi yo te akòde dwa pou pran desizyon nan zafè medikal oswa nan edikasyon pandan yon peryòd tan limite pa paran (yo)/gadyen legal elèv la.
- 14.11 **SIBSTANS KONTWOLE:** tout dwog oswa sibstans ki mansyone nan M.G.L. c. 94C.
- 14.12 **OBJÈ DANJRE:** tout atik, objè, oswa aparèy ki itilize nan yon fason ki danjre oswa ki kreye menas, tankou kreyon, règ, fouch pou cheve, elatriye.
- 14.13 **ZAM DANJRE:** vle di yon zam, yon aparèy, yon enstriman, oswa yon sibstans, ki anime oswa ki pa anime, ki itilize pou touye oswa ki touye byen fason oswa ki lakoz gwo domaj nan kò. Tèm zam danjre a dwe genyen ladan, men pa limite ak:
- Zamafe, ki chaje oswa ki pa chaje;
  - Zam ki genyen biy (BB gun) oswa zam ki genyen lè;
  - Stiletto, ponya, oswa yon aparèy oswa yon aparèy ki pèmèt yon moun tire yon kouto nan yon pozisyon ki vewouye;
  - Kouto balistik, oswa nenpòt kouto ki genyen yon lam detachab ki kapab soti avèk nenpòt mekanis;
  - Kouto Dirk, nenpòt kouto ki file debò, oswa yon kouto ki genyen yon deklanchè;
  - Kouto ki genyen yon aparèy liberasyon otomatik kote lam nan soti nan manch lan;
  - Lanswòch, sabakàn (blowgun), pwèn metalik oswa pwèn ki genyen nenpòt sibstans ki kapab itilize nan menm fason avèk menm efè a oswa avèk efè similè kòm pwèn metalik;
  - Nunchaku, zoo bow (moun konnen tou ou non) oswa 'baton chinwa, oswa nenpòt lòt zam ki sanble ak sa yo ki genyen de baton an bwa, plastik, oswa metal ki konekte nan yon ekstremitè avèk yon kòd, chèn, kab, oswa yon kawotchou;
  - Shuriken, oswa nenpòt lòt objè pwenti ki similè nan fòm yon etwal ki fèt pou blese yon moun lè yo lanse l;

- Nenpòt brasa ki fèt avèk kawotchou ki genyen pwent oswa klou an metal, oswa nenpòt lòt aparèy similè ki fèt apati nenpòt lòt sibstans, oswa yon sestis (cestus) oswa yon lòt materyèl similè ki fèt avèk metal oswa lòt sibstans ak sibstans nan men an;
- Yon manrikigusari oswa yon lòt longè chèn similè ki genyen pwa nan ekstremitè yo;
- Espre chimik, *ki genyen ladan*, OC (Oleoresin Capsicum {engredyan aktif nan **espre ki fèt ak piman**} Espre);
- Nenpòt zam elektrik (tankou zam paralizan oswa taser)

Tèm zam danjre a pa genyen ladan yon kouto pòch avèk yon lam ki mwens pase 2 ½ pous. Evalyasyon sou èske yon objè se yon zam danjre jan sa defini isit la se yon detèminasyon ki fèt sèlman avèk Direktè Lekòl la/Responsab Lekòl la, an kolaborasyon avèk Responsab Operasyonèl yo a, lè y ap konsidere enfòmasyon ak sikonstans yo.

- 14.14 **JOU, BIZNIS:** nenpòt jou lè biwo administratif Depatman Boston yo louvri, *ki genyen ladan*, Lendi jiska Vandredi, sof jou konje federal, jou konje eta a, ak jou konje konte a.
- 14.15 **JOU, KALANDRIYE:** nenpòt jou.
- 14.16 **JOU, LEKÒL:** nenpòt jou kote lekòl la ap fonksyone epi elèv yo genyen egzijans pou kapab prezan. Sof si yo espesifye sa yon lòt fason, referans ak "jou" oswa "jou yo" nan kòd sa a dwe vle di "jounen lekòl" oswa "jounen lekòl yo."
- 14.17 **REPZANTAN:** yon moun ki espesifikman atribye pa Administratè Batiman an oswa pa Sipè-entandan an pou aji nan plas li (Direktè Adjwen/Chèf Eskolè Adjwen, Dwayen Elèv yo, Kowòdonatè Kominotè sou Teren, Kowòdonatè pou Klima Lekòl la, manm pèsònèl Ekip Sipò pou Elèv, Kowòdonatè Edikasyon Espesyal ak Kowòdonatè Sèvis Elèv, elatriye.) pou akonpli egzijans Kòd sa a.
- 14.18 **PWOSESIS REGILYE:** vle di pwoteksyon legal ke elèv k ap fè fas avèk sèten ranvwa nan lekòl akoz mezi disiplinè, yo genyen dwa pou resevwa (gade Sikilè Sipè-entandan SUP-5 ak Sikilè Sipè-entandan SPE-15).
- 14.19 **MANM PÈSONÈL EDIKATIF:** tout manm pèsònèl BPS yo oswa manm pèsònèl ki genyen kontra nan BPS ki dirèkteman resevwa tach pou edike elèv ak tout manm pèsònèl ki responsab pou asire ke Distri a respekte lwa sou disiplin eskolè nan eta a. Manm pèsònèl edikatif la genyen ladan men pa limite avèk Responsab Operasyonèl, sipè-entandan pedagogik ak sipè-entantan akademik yo, dwayen elèv yo, Direktè Lekòl/Chèf Etablisman, direktèl adjwen nan lekòl/chèf adjwen nan etablisman, direktè ak kowòdonatè edikasyon espesyal, pwofesè, espesyalis nan sante konpòtmantal, ak parapwofesyonèl. Manm pèsònèl edikatif la pa dwe genyen ladan pèsònèl degad oswa pèsònèl kafeterya a.
- 14.20 **RANVWA AN IJANS:** yon ranvwa tanporè yo enpoze pandan yon peryòd ki pa pi long pase jou yo akize elèv la de ensidan an yon (1) lòt jou anplis. Yo kapab enpoze lè yo panse ke elèv la te komèt yon enfraksyon ki kapab mennen sispansyon *epiprezans* li poze yon danje kontini pou moun oswa pwopriyete oswa li poze yon entèferans avèk pwosesis ansèyman an,

*epi* pa genyen okenn lòt altènatif pou soulaje danje a oswa entèferans lan, *epi* li enposib akòz konpòtman elèv la pou bay elèv la avi ak odyans anvan ranvwa an ijans lan.

- 14.21 **EKSPILSYON:** Ekspilsyon vle di lè yo ranvwaye yon elèv de batiman lekòl yo, de aktivite regilye klas yo, epi de aktivite lekòl yo pandan plis pase katrevendis (90) jou, yon fason endefini oswa pou tout tan, jan sa otorize nan M.G.L. c. 71, § 37H oswa 37H½ for:
- posesyon yon zam danjre; oswa
  - posesyon yon sibstans kontwole; oswa
  - agresyon sou yon manm nan manm pèsònèl edikatif la; oswa
  - yon plent pou krim oswa yon plent pou delenkans kriminèl oswa yon kondanasyon, oswa jijman oswa admisyon kilpablite nan yon tribinal lalwa pou krim sa a, si yon direktè lekòl detèminke ke prezans kontini elèv la nan lekòl la t ap genyen yon gwo efè destriktif sou byennèt jeneral lekòl la.
- 14.22 **PLENT POU KRIM:** yon dokiman akizasyon nan yon tribinèl ki akize yon moun avèk yon enfraksyon kriminèl. Si sa konsène yon minè, dokiman sa a rele plent pou delenkans.
- 14.23 **ZAMAFE:** nenpòt nan bagay sa yo, jan sa defini pa Lwa federal la sou Lekòl san Zamafe, 18 U.S. Code § 921:
- nenpòt zam ki pral dezinye oswa ki dezinye pou kapab konvèti oswa ki kapab konvèti pou lanse yon pwojektif avèk aksyon yon eksplozif
  - kad oswa reseptè tout zam ki dekri anwo a;
  - tout mòflè pou zamafe oswa silansye pou zamafe;
  - tout gaz eksplozif, gaz ki lakoz dife, oswa gaz pwazon:
  - bonm;
  - grenad;
  - wòkèt ki genyen chaj pou lanse plis pase kat (4) ons;
  - misil ki genyen yon chaj eksplozif oswa yon chak ensandi ki plis pase yon ka ons min oswa yon aparèy similè;
  - tout zam ki pral, oswa ki kapab konvèti byen fasil pou, lanse yon pwojektif pa aksyon yon eksplozif oswa lòt pwopilsè, epi ki genyen ladan nenpòt kanon avèk yon twou ki plis pase mwatye pous nan dyamèt;
  - tout konbinezon pyès ki fèt pou itilize pandan l ap konvèti nenpòt aparèy an nenpòt aparèy destriktif ki dekri nan de egzanp ki fèk sot mansyone anvan yo, epi ki kapab asanble yon aparèy destriktif avèk yo byen fasil.
- 14.24 **EDIKASYON PIBLIK KI GRATIS EPI KI APWOPRIYE (FREE APPROPRIATE PUBLIC EDUCATION, FAPE):** Edikasyon Espesyal ak sèvis ki asosye yo selon dispozisyon ki defini nan 20 U.S.C. 1400 *et seq.*, regleman ki akonpanye l yo, epi ki satisfè nòm sou edikasyon ki etabli pa estati ki etabli pa regleman ki pibliye pa Depatman Edikasyon Elemantè ak Edikasyon Segondè Massachusetts la.
- 14.25 **EVALYASYON KONPÒTMANTAL FONKSYONÈL (FUNCTIONAL BEHAVIORAL ASSESSMENT, FBA):** yon evalyasyon ki fèt pa manm yon Ekip Edikasyon Espesyal, ki asiste yo nan devlope estrateji pou jere konpòtman elèv la alavni. Sa

ta dwe fèt nan delè ki pa depase dis (10) jou lekòl aprè yo fin resevwa konsantman paran/gadyen legal la/konsantman swanyan an.

- 14.26 **IDANTITE SEKSYÈL:** idantite ki lye ak sèks yon moun, aparans oswa konpòtman, keseswa idantite ki lye ak sèks la, aparans lan, oswa konpòtman an diferan de sa ki tradisyonèlman asosye avèk fizyoloji moun nan oswa sèks ki atribye ak moun nan depi nan nesans li. Yo kapab montre idantite ki lye ak sèks pandan y ap bay prèv, men ki pa limite ak, antesedan medikal, swen oswa tretman pou idantite ki lye ak sèks la, afimasyon ki konfòm epi ki mache ak idantite ki lye ak sèks la, oswa nenpòt lòt prèv ke idantite ki lye ak sèks la byen konsève kòm yon pati nan idantite debaz yon moun; sepandan avèk kondisyon ke yo pa dwe afime idantite ki lye ak sèks la pou okenn objektif ki pa apwopriye (gade M.G.L. Chapit 4, Seksyon 7).]
- 14.27 **GADYEN LEGAL:** yon moun ki legalman responsab pou yon elèv epi ki pran desizyon an sou demann elèv sa a.
- 14.28 **BIZITAJ (Hazing):** tout konpòtman oswa metòd pou antre nan nenpòt òganizasyon elèv, keseswa sou pwopriyete piblik oswa prive, ki volontèman epi gravman mete sante fizik oswa sante mantal nenpòt elèv an danje (see M.G.L. c. 269, §17-19, ak 603 C.M.R. 33.03).
- 14.29 **RIMÈ:** Yon deklarasyon oral oswa vèbal ki fèt pa yon moun ki pa te temwanye nan yon odyans/pwosè, ki ofri nan odyans lan/pwosè a pou pwouve laverite sou pwoblèm ki afime nan deklarasyon an (yo).
- 14.30 **OBJÈ KI SANBLE AK ZAM:** tout aparèy ki sanble yon fason rezonab avèk yon zamafe epi ki fèt pou mete yon viktim nan laperèz.
- 14.31 **REVIZYON POU DETÈMINASYON MANIFESTASYON (MANIFESTATION DETERMINATION REVIEW, MDR):** yon tip rankont Ekip IEP, ki fèt nan delè ki pa depase dis (10) jou aprè yon ranvwa ki rekòmande pou yon elèv andikape ki t ap konstitiye yon chanjman nan plasman elèv la, kote Ekip IEP a dwe detèmine si kondwit ki sèvi kòm baz pou sanksyon an te lakoz pa andikap elèv la, oswa li te genyen relasyon dirèk oswa gwo relasyon avèk andikap la elèv la, oswa si kondwit sa a se te rezilta dirèk yon chèk pou reyalize IEP elèv la.
- 14.32 **DELI:** yon krim ki mwens grav pase yon krim epi ki jeneralman pini avèk yon amann, penalite, konfiskasyon, oswa anprizònman nan yon lye ki diferan de yon prizon eta a.
- 14.33 **POKO ELJIB POU EDIKASYON ESPESYAL:** selon lwa ak regleman eta a ak federal yo, yon elèv yo pa te detèmine ki elijib pou edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo, epi ki te angaje nan konpòtman ki vyole Kòd Kondwit la. Yon elèv ki genyen estati sa a kapab revandike nenpòt nan pwoteksyon yo bay elèv ki andikape yo si lekòl la genyen rezon pou kwè ke elèv la kapab yon elèv ki genyen yon andikap. Yo pral konsidere ke BPS genyen

konesans de elèv ki genyen yon andikap la si, anvan konpòtman ki te lakoz aksyon disiplinè a, paran an (yo)/gadyen legal la (yo)/swanyan elèv la te ekspri enkyetid alekri bay sipèvizè BPS la oswa manm pèsònèl administratif la oswa bay yon pwofesè elèv la, ke elèv la bezwen evalyasyon edikasyon espesyal, OSWA yon elèv oswa lòt manm pèsònèl distri a te ekspri enkyetid espesifik konsènan yon modèl konpòtman elèv la te afiche, bay dirèkteman Sipè-entandan Edikasyon Espesyal Adjwen an oswa bay lòt manm pèsònèl sipèvizyon an. Yo p ap konsidere ke BPS genyen konesans de yon elèv ki genyen yon andikap si paran an (yo)/gadyen legal la (yo)/swanyan elèv la pa te otorize yon evalyasyon edikasyon espesyal, paran an (yo)/gadyen legal la (yo)/swanyan an te refize sèvis edikasyon espesyal la, oswa lè yo te evalye elèv la epi yo te detèmine ke elèv la pa te yon elèv ki genyen yon andikap (gade Sikilè Sipè-entandan SPE-15).

- 14.34 **OBJÈ KI PA GENYEN OKÈNN ITILIZASYON REZONAB:** nenpòt objè ki pa genyen okenn itilizasyon rezonab ki nan men yon elèv nan lekòl la, ki genyen ladan men pa limite ak nenpòt kouto ki pa defini kòm yon zam danjre, yon zam elektrik, lòt materyèl ki fasilite konsomasyon dwòg (*tankou*, melanjè (grinder), papye pou woule sigarèt, chicha), yon wòch, yon brik, objè ki sanble ak zam, fedatifis, oswa pwentè lazè. Sonje ke selon yon Òdonans Vil la, pwentè lazè yo pa otorize nan batiman lekòl yo. (gade Ord. 1999 c. 2 § 4)
- 14.35 **PARAN:** manman ak/oswa papa yon elèv.
- 14.36 **SANT PLANIFIKASYON:** aprè yo te fin eseye apwòch ki pozitif epi ki responsab, ki dokimante, epi ki pa reyisi nan saldeklas la, yo kapab refere elèv ki nwizib la nan yon sant planifikasyon pou elèv. Elèv la rete nan sant planifikasyon an sèlman panse ase tan pou li resevwa asistans pou evalye konpòtman an epi pou fè yon plan pou konpòtman ki plis responsab. San planifikasyon an bay opòtinite pou elèv la rete fè devwa nan saldeklas yo epi bay manm pèsònèl la sipò pou devlope epi reyalize yon plan swivi pou elèv la. Ranvwa nan yon sant planifikasyon pou elèv dwe konstitiye yon sispansyon nan lekòl la si yo ranvwaye yon elèv pou 90 minit oswa pou de peryòd kou, se dire ki pi kout la y ap kenbe. Akoz ranvwa a konstitiye yon sispansyon nan lekòl la, li mande avi, yon odyans, yon posiblite pou fè pwogrè akademik, ak itilizasyon lòt kondwit non-eksklizif.
- 14.37 **PLAN SÈVIS EDIKASYON NAN TOUT LEKÒL LA:** vle di plan inik ki devlope pa Direktè Lekòl la/Chèf Etablisman an pou kominote lekòl la pou asire ke elèv yo mete nan ekspilasyon oswa nan sispansyon nan lekòl la pandan plis pase 10 jou lekòl konsekitif, keseswa nan lekòl la oswa andeyò lekòl la, genyen yon posiblite pou fè pwogrè akademik. Plan an dwe genyen ladan men pa limite ak, yon sistèm pou elèv yo fè devwa yo epi resevwa kredi yo te rate pou devwa lakay, ti tès, egzamen, travay ak pwojè yo.
- 14.38 **SEKSTO:** aksyon lè yon moun pataje oswa voye mesaj ki seksyèlman eksplisit oswa foto yon fason elektwonik, jeneralman pa mwayen òdinatè, telefòn pòtab, oswa lòt aparèy elektwonik. Yo kapab konsidere Seksto kòm piblikasyon pònografi elèv nan

vyolasyon avèk M.G.L. c. 272, § 28. Epitou sa genyen ladan lè yon moun pataje oswa voye mesaj ki sèksyèlman eksplisit oswa foto sou Entènèt la epi/oswa sou platfòm rezo sosyal yo andeyò jounen lekòl tradisyonèl epi ki deranje fonksyonman nòmal jounen lekòl la.

14.39 **MOVE KONDWITSEKSYÈL:** tout kondwit ki jenan, fòse, ki enpoze, oswa ki endezirab ki genyen yon nati seksyèl. Epitou move kondwit seksyèl yo genyen ladan nenpòt aksyon seksyèl kont yon lòt moun ki pa kapab bay konsantman, swa akòz mank kapasite mantal oswa fizik tanporè oswa pèmanan oswa akòz moun nan se yon minè. **Konsantman** defini kòm akò ak pèmision ki klè, epi ki aktif pou angaje nan nenpòt fòm kominikasyon oswa aktivite vèbal oswa non-vèbal avèk yon lòt moun. Moun ki kòmanse kontak seksyèl la responsab pou jwenn konsantman anvan li angaje nan nenpòt kontak seksyèl. Nenpòt nan moun yo ka anile konsantman l nenpòt lè. Konsantman dwe volontè epi pa kapab valid si yon moun tonbe anba yon menas, entimidasyon, oswa presyon emosyonèl, sikolojik, fizik oswa nan repitasyon. Konsantman pou angaje nan yon aktivite seksyèl, oswa yon akò pase pou angaje nan yon aktivite seksyèl patikilye, yo pa ka sipoze ke sa yo konstitiye yon konsantman nan yon diferan aktivite seksyèl oswa pou angaje ankò nan yon aktivite seksyèl. Yon moun ki genyen yon mank kapasite oswa yon moun ki genyen sèz lane pa ka bay konsantman ki valid.

Move kondwit seksyèl kapab genyen ladan aksyon kriminel, tankou agresyon ki endesan, kou, abi, oswa agresyon avèk entansyon pou vyole. Yo ranvwaye bay fòsdelòd yo tout aksyon ki kapab kriminel.

Egzanp move kondwit seksyèl kapab genyen ladan, men pa limite avèk bagay sa yo:

- Touche seksyèl ki endezirab;
- Kontak seksyèl entansyonèl san akò ki rive pandan lè lekòl la oswa pandan lè ki pa genyen lekòl, nan espas lekòl la oswa andeyò espas lekòl la, ki genyen ladan vyolans nan sòti womantik;
- Rekrute, transpòte, jwenn, oswa bay yon elèv ki genyen nenpòt sèks pou objektif seksyèl;
- Avans seksyèl, keseswa yo genyen touche oswa yo pa genyen touche;
- Demann pou sèvis seksyèl;
- Demonstrasyon afeksyon seksyèl ki ofansif an piblik, ki genyen ladan tatònman, touche, jès, oswa touche yon moun oswa lòt moun yon fason ki pa apwopriye;
- Tatònman san konsantman yon moun, touche, touche seksyèl, oswa sèks sou pwopriyete lekòl la oswa sou nan nenpòt aktivite ki esponsòrizasyon pa lekòl la;
- Jwè oswa referans seksyèl;
- Kòmantè konsènan kò yon elèv oswa konsènan aktivite oswa oryantasyon seksyèl yon elèv;
- Rele non yon moun yon fason ofansif oswa blasfèm seksyèl ki sijestif, ki seksyèlman rabesan, oswa ki baze sou esteryotip seksyèl oswa sou oryantasyon seksyèl;
- Afichaj oswa distribisyon desen ki seksyèlman eksplisit, imaj, oswa lòt materyèl nan nenpòt fòm (tankou seksto);
- Trafik jèn pou objektif seksyèl, tankou rekritman, transpò, oswa yon lòt fason eksplwatasyon yon minè an echanj de lajan, abri, oswa manje;
- Aktivite seksyèl ant elèv yo nan yon lekòl, oswa nan nenpòt batiman kote biznis BPS ap fonksyone; oswa



- Lòt kondwit vèbal, nonvèbal, oswa kondwit fizik ki genyen yon nati seksyèl.

14.40 **AJISTEMAN AKOUTÈM NAN ORÈ:** tout chanjman nan orè yon elèv ki pou twa (3) jou lekòl oswa mwens epi ki fèt pou redwi kontak ant elèv la ak yon pwofesè oswa ant elèv la ak yon lòt elèv kote genyen prèv konsènan yon konfli k ap dewoule ant moun sa yo. Yo dwe enfòmè paran/gadyen legal/swanyan yo nan fen jounen an konsènan nenpòt chanjman nan orè elèv la ki pral aplikab nan pwochen jou lekòl la.

14.41 **KONFERANS SOU JISTIS REPARATÈ KI SANTRE SOU ELÈV LA:** aprè manm pèsonèl la fin remake oswa vin okouran konsènan nenpòt ensidan konpòtmantal, yo dwe eseye rezoud pwoblèm nan anvan yo refere l bay Administratè Batiman an oswa reprezantan Administratè a. Yo prevwa pou anplwaye akademik yo pale an prive avèk elèv la osito sa posib, epi pou òganize yon konferans avèk paran/gadyen legal/swanyan yo pa telefòn oswa korespondans ekri. Yon anplwaye akademik oswa yon elèv kapab envite paran an (yo)/gadyen legal la (yo)/swanyan an (yo) pou patisipe. Konferans lan avèk elèv la ak anplwaye a ta dwe fèt nan yon lè, yon lye oswa nan yon fason yo toude dakò sou li, (*pa egzanp*, apèl konferans). Administratè lekòl yo dwe okouran de konferans sa yo epi dwe dokimante tout tantativ pou fè konferans nan sistèm enfòmasyon pou elèv ki apwouve pa BPS.

Si yon manm nan pèsonèl edikatif la remake ke yon elèv genyen difikilte, premye etap la se pou anplwaye a pale avèk elèv la an prive osito sa posib epi apres a rele/voye mesaj tèks/imèl bay paran an (yo)/gadyen legal la (yo)/swanyan an (yo). Si li t ap itil, anplwaye a kapab pwopoze pou rankontre paran an ak elèv la ansanm.

14.42 **KONFERANS KI ÒGANIZE PA ELÈV:** elèv ki genyen nenpòt enkyetid ki lye ak vwa elèv la, akòz dwa pou yon pwosedi regilye, ak/oswa lòt dwa elèv yo kapab mande yon rankont avèk Administratè batiman an oswa reprezantan administratè batiman an. Konferans lan ta dwe fèt nan yon lè ki apwopriye, nan yon lè ak yon lye ke tout moun dakò sou li, epi dwe dokimante nan sistèm enfòmasyon pou elèv nan BPS. Sou demann elèv la, oswa selon Administratè Batiman an oswa reprezantan Administratè a sèlman, paran an (yo)/gadyen legal la (yo)/swanyan an (yo) kapab envite nan konferans lan. Administratè Batiman yo dwe okouran de konferans sa yo ak sa ki te di nan yo.

14.43 **DOSYE ELÈV YO:** tout enfòmasyon konsènan yon elèv ki konsève nan nenpòt fòm pa Lekòl Piblik Boston yo ki òganize sou baz non elèv la oswa nan nenpòt fason ki ka idantifye elèv la endividyèlman (gade Sikilè Sipè-entandan LGL-7).

14.44 **ELÈV KI GENYEN YON ANDIKAP:** yon elèv, akòz yon andikap ki konsène yon reta devlopmantral oswa nenpòt andikap entelektyèl, sansoryèl, newolojik, emosyonèl, kominikatif, andikap espesifik nan aprantisaj oswa nan sante yon konbinezon de sa yo, elèv sa a pa anmezi pou pwogrese yon fason efikas nan edikasyon regilye li mande sèvis edikasyon

espesyal, ki genyen ladan yon elèv ki nan laj pou ale lekòl ki mande sèlman yon sèvis ki asosye oswa sèvis ki asosye yo pou asire ke elèv la anmezi pou aksede nan pwogram jeneral etid la epi resevwa yon Edikasyon Piblik ki Gratis epi ki Apwopriye (Free Appropriate Public Education, FAPE). Tèm sa a genyen ladan elèv ki poko idantifye kòm elèv ki bezwen edikasyon espesyal, jan sa defini anwo a.

- 14.45 **SISPANSYON:** ranvwa yon elèv de batiman lekòl yo ak/oswa nan aktivite regilye ki depase 90-minit, yon fason kimilatif, oswa pandan de peryòd kou nan yon jounen. “Sispansyon” aplike nan sispansyon akoutèm ak sispansyon alontèm, nan sispansyon nan lekòl ak nan sispansyon andeyò lekòl la, sof si yo endike sa yon lòt fason.
- Yon sèl sispansyon koutèm pa kapab depase twa (3) jou lekòl pou elèv ki genyen 15 lane oswa ki genyen mwens oswa senk (5) jou lekòl pou yon elèv ki genyen 16 lane oswa plis.
  - Yon sispansyon alontèm se yon ranvwa pandan plis pase dis (10) jou konsekitif oswa jou lekòl kimilatif.
- 14.46 **SISPANSYON, NAN LEKÒL:** ranvwa yon elèv de aktivite regilye saldeklas la, men pa de batiman lekòl la, pandan pa plis pase dis (10) jou lekòl konsekitif, oswa pandan plis pase dis (10) lekòl konsekitif, pou plizyè enfraksyon pandan ane lekòl la. Sispansyon nan lekòl la ki depase dis (10) jou konsekitif oswa kimilatif ta dwe konsidere kòm yon sispansyon alontèm pou pwosesis regilye yo, apèl, ak objektif rapò.
- 14.47 **SISPANSYON, ENDEFINI:** yon sispansyon ke yo kapab enpoze lè:
- yon elèv (18 lane oswa plis) ki akize pou yon krim (oswa akizasyon pou delenkans kriminèl pou yon elèv **ki genyen mwens pase 18 lane**);
  - si Direktè Lekòl la oswa Chèf Etablisman lekòl kote elèv la enskri a detèmine ke prezans kontini elèv la nan lekòl la t ap genyen yon gwo efè destriksyon sou byennèt lekòl la. Si yon elèv nan sispansyon selon seksyon sa a, sispansyon an pral rete aplikab jiskaske yo jije oswa rezoud ka a, sa ki kapab pwolonje odela aktyèl ane lekòl la. Yon fwa plent pou krim ki sèvi kòm baz sispansyon endefini an fin jije, yon Administratè Lekòl kapab kontinye pou ale nan yon sispansyon selon Seksyon 7.1 nan Kòd sa a, si sa apwopriye (gade M.G.L. c 71, § 37H ½).
- 14.48 **EKIP:** kòm referans ak Edikasyon Espesyalla, yon gwoup moun ki responsab pou kreye epi reyalize yon Plan Edikasyon Pèsonalize pou elèv la (IEP) nan lekòl la. Konpozisyon ekip la kapab epi ta dwe varye selon bezwen edikatif elèv endividyèl yo. Patisipasyon yo jeneralman genyen ladan:
- pwofesè saldeklas la (yo)
  - administratè lekòl la oswa reprezantan administratè a (COSE)
  - paran/gadyen legal/swanyan oswa gadyen legal yo, epi, si sa apwopriye, elèv la
  - manm sipò distri a ak manm sipò lekòl la, si yo te enplike nan evalyasyon pwen fò ak bezwen elèv la, oswa si li pral enplike nan bay IEP a.
- 14.49 **RANVWA TANPORÈ DE KLAS LA:** yo pa dwe kenbe elèv la andeyò klas la pandan plis

pase katrevendis minit oswa pandan de peryòd kou, nenpòt sa ki pi kout, san yo pa klasifye tan andeyò kou a kòm yon sispanasyon nan lekòl la epi deklantche pwoteksyon pwosesis regilye ki mansyone nan Seksyon 5 nan Kòd (gade Sikilè Sipè-entandan SUP-5).

14.50 **SIGARÈT VAPÈ:** itilizasyon sigarèt elektwonik oswa lòt aparèy ki pèmèt moun respire nikotin oswa lòt dwòg tankou THC, CBD, oswa K2, kòm vapè olye li respire nikotin oswa lòt dwòg yo pandan l ap souse pwent yon sigarèt, pip ki limen an, oswa lòt aparèy pou fimèn yo. (MGL Chapit 270 Seksyon 29).

14.51 **ZAM:** gade 16.13, “Zam Danjre,” ak 16.22, “Zamafe.”

Mete paj LÒT RESOUS ANPLIS YO:(avèk lye)

Atachman COC - Yon Fwa Sam apwouve

MTSS

Sipò pou Elèv

Gid pou BPS

Gid Sèvis pou Resous nan Konte Suffolk

Si yon moun ap mande yon kopi papye pou dokiman sa a, tanpri bay li avèk Sikilè Sipè-entandan sa yo:

1. Sikilè Sipè-entandan SPE-15
2. Sikilè Sipè-entandan TRN-2
3. Sikilè Sipè-entandan SUPT-18
4. Sikilè Sipè-entandan FSE-06
5. Sikilè Sipè-entandan SUP-5
6. Sikilè Sipè-entandan EQT - 1 jiska EQT-6
7. Sikilè Sipè-entandan HWD-06
8. Sikilè Sipè-entandan SUP-9
9. Sikilè Sipè-entandan, LGL-07
10. Sikilè Sipè-entandan an SSS #18
11. Sikilè Sipè-entandan SAF- 1 ak SAF-3
12. NOUVO Politik Konsènan Preparasyon ak Pataj Rapò Ensidan yo ak Lòt Enfòmasyon sou Elèv la
13. Kontak Referans Succeed Boston - Radyomesajri
14. NOUVO Konsomasyon Sibstans